O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI FAKULTETI

Fakultet dekan?:

_____________doc.Q.Turdi’baev

«_____» _____________ 2014 j.

5220100-filologiya ha’m tillerdi oqitiw (Qaraqalpaq filologiyasi) bag’dar??n’ 4-kurs studenti Joldasova Gu’lnardi’n’ «Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda qaharman psixologizmi» temasi’ndag’i'

**PITKERIW QA’NIGELIK JUMISI**

Jaqlawg’a ruxsat berildi

Kafedra baslig’i: doc. Q.Yusupov | Ilimiy basshi: doc. P.Nurjanov

________________________ ________________________

«_____» ______________ 2014j

**No’kis–2014 ji’l**

**Ma’mleketlik attestatsiya komissiyasinin’**

**QARARI :**

5220100-filologiya ha’m tillerdi oqitiw (Qaraqalpaq filologiyasi) bag’dari?n pitkeriwshi Joldasova Gu’lnardi’n’ «Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda qaharman psixologizmi» atamasindag’i pitkeriw qa’nigelik jumisina

“______ ” bahasi qoyilsin

**MAK baslig’i:** ___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

**MAK ag’zalari:**

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

## Mazmuni’

**Kirisiw……………………………………………………………………......3-7**

**I bap. Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligi.………….................................8-27**

I.1. I.1. Qaharman obrazi’n izertlewdin’ ilimiy-teoriyali’q ma’seleleri………...7-10

I.2. Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda tariyxi’y sharayat ha’m qaharman obrazi’………………………………………………………..10-27

**II bap. Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda qaharman psixologiyasi’ni’n’ evolyuciyasi’……………………………….28-44**

II.1. Milliy romanshi’li’g’i’mi’zdag’i’ ko’rkem psixologizmnin’ ayi’ri’m ilimiy-teoriyali’q ma’seleleri…………………………………………………….....28-30

II.2. Qaharman psixologiyasi’n ashi’wda dialog, monolog ha’m ko’rkem detallardi’n’ tutqan worni’……………………………………………….30-41

II.3. Romanda minezleme, portret ha’m peyzajdi’n’ qaharman psixologiyasi’n ashi’wdag’i’ xi’zmeti………………………………………………….41-44

**Juwmaq……………………………………………………………………….45-48**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar……………………………………………...49-50**

## Kirisiw

**Temani'n' aktualli'g'i':** Sh.Seyitov–XX a'sirdin' alpi'si'nshi' ha'm toqsani'nshi' ji'llar arali'g'i'nda qaraqalpaq poeziyasi'n ha'm prozasi'n rawajlandi'ri'wg'a u'lken u'les qosqan ko'rkem so'z sheberi.

Jazi'wshi' wo'z miynet joli'nda da'slep zan' wori'nlari'nda xatker, son'i'nan bir neshe ji'llar dawami'nda qaraqalpaq ma'mleketlik baspasi'nda, «A'miwda'rya» jurnali'nda, ha'zirgi teleradiokompaniyasi'nda, son'i'nan Qaraqalpaqstan Jazi'wshi'lar awqami'nda a'debiy ken'esshi ha'm «Qaraqalpaqstan» baspasi'nda ag'a a'debiy xi'zmetker, bo'lim basli'g'i' boli'p islegen.

Sh.Seyitov shayi'r si'pati'nda da'slep balalarg'a arnalg'an «U'shpelek», son'i'nan «Soqpag'i'm menin' qaydasan'», «Tawlardan saza», «Jollar» degen toplamlari'n wo'z aldi'na kitap yetip shi'g'ardi'. Demek, wol wo'z do'retiwshilik joli'n negizinen poeziyadan, qosi'qtan baslag'ani' ko'rinip tur. Degen menen woni'n' tutas do'retiwshiliginde ko'rkem realistlik proza basi'm wori'ndi' iyeleydi. Wol bul tarawda «Ko'p yedi ketken ti'rnalar», «Qashqi'n» «Ji'nayatli' isine qosa tigilsin» atli' povestlerin, «I'g'bal soqpaqlari'», to'rt kitaptan ibarat «Xalqabad» epopeyasi'n, «Shi'rashi'lar», «Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romanlari'n ko'pshilik kitap woqi'wshi'lari'na sawg'a yetti.

Bul prozali'q shi'g'armalar ideyali'q-tematikali'q, janrli'q-stillik izlenisleri, qaharmanlar obrazi'n ashi'p beriw usi'llari' jag'i'nan ha'r qi'yli', tu'rlishe wo'zgesheliklerge iye, ra'n'-ba'ren'liklerge bay ha'm wolar wog'ada sheberlik penen jazi'lg'an qaytalanbas ko'rkem du'nyalar boli'p yesaplanadi'. Sonli'qtan da, bul shi'g'armalar basqa da tillerge: wori's, wo'zbek tillerine bir neshe ma'rtebe awdari'li'p basi'li'p shi'qti'. Ma'selen, wori's tilinde «Много было улетевших журавлей» degen at penen jazi'wshi'ni'n' povestleri, «Полдень» atamasi' menen poeziyali'q shi'g'armalar ji'ynag'i' jari'qqa shi'qti'.

Sh.Seyitov wo'zinin' ti'ni'msi'z miynetleri ha'm qaytalanbas talanti' ushi'n «Qaraqalpaqstan xali'q jazi'wshi'si'» (1992), «Qaraqalpaqstang'a miyneti sin'gen ma'deniyat xi'zmetkeri» degen hu'rmetli ataqlarg'a miyasar boldi' ha'm

«Qashqi'n», «Ko'p yedi ketken ti'rnalar» povestleri ushi'n Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq Ma'mleketlik si'yli'g'i'ni'n laureati' boli'wg'a yeristi. G'a'rezsizlik da'wirine kelip XX a'sirdin' yekinshi yari'mi'ndag'i' qiyan-kesti tariyxi'mi'zdi' su'wretlewde Sh.Seyitovri'n' biz jumi'si'mi'zda izertlenip woti'rg'an «Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani' wo'z aldi'na bir to'be boli'p tabi'ladi'. Sonli'qtan biz woni'n' ko'rkem obrazlar du'nyasi'n, qaharman psixologizmin ashi'p beriwdi wo'z aldi'mi'zg'a maqset yetip qoydi'q. Mine, bul na'rse bizin' jumi'si'mi'zdi'n' aktualli'g'i'n belgilep beredi.

**Jumi'sti'n' maqset ha'm wazi'ypalari':** Bizin' pitkeriw-qa'niygelik jumi'si'mi'zda tiykarg'i' maqset jazi'wshi' Sh.Seyitovti'n' «Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'ndag'i' obrazlar du'nyasi'n, wolardi'n' psixologizmin ashi'p beriw boli'p tabi'ladi'. Usi' maqsetten kelip shi'g'i'p jumi'si'mi'zda to'mendegi wazi'ypalardi' wori'nlaw za'ru'rligi tuwi'ldi'.

–qaharman obrazi'n izertlewdin' ilimiy-teoriyali'q ma'selelerine toqtaw;

–Sh.Seytovti'n' «Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'nda tariyxi'y sharayat ha'm qaharman obrazi'nin' jasali'w wo'zgesheligin ani'qlaw;

–milliy romanshi'li'g'i'mi'zdag'i' ko'rkem psixologizmnin' ayi'ri'm ilimiy-teoriyali'q ma'selelerine toqtaw;

–qaharman psixologiyasi'n ashi'wda dialog, monolog, ko'rkem detal ha'm galyutinaciyali'q qubi'li'slardi'n' tutqan worni' ashi'w;

–romanda minezleme, portret ha'm peyzajdi'n' qaharman psixologiyasi'n ashi'wdag'i' xi'zmetin ani'qlaw

**Jumi'sti'n' teoriyali'q ha'm metodologiyali'q negizi:** Biz izertlew bari'si'nda Prezident I.A.Karimovti'n' a'debiyat ha'm ko'rkem wo'nerdi rawajlandi'ri'w haqqi'ndag'i' ko'rsetpelerin basshi'li'qqa aldi'q. Sog'an qosi'msha bizin' jumi'si'mi'zdi'n' teoriyali'q ha'm metodologiyali'q tiykari' retinde T.Boboevti'n' «Adabiyotshunoslikka kirish» (Toshkent, 2009), A.Rahimovti'n' «Roman janrining rivojlanishiga doir» (Toshkent, 1986), Z.Pardaevanin' «Hozirgi o'zbek romani» (Toshkent, 2003), E.Qudayberdievti'n' «Adabiyotshunoslikka

kirish» (Toshkent, 2003), N.Hotamov ha’m B.Sarimsoqovti’n’ «Adabiyotshunoslik terminlarining ruscha-o’zbekcha izohli lug’oti» (Toshkent, 1979), S.Axmetov, Q.Sultanovti’n’ «A’debiyattani’w» (Нөкис, 1987), S.Axmetov, J.Yesenov, Q.Ja’rimbetovti’n’ «A’debiyattani’w atamalari’ni’n’ wori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi» (Нөкис, 1994), P.Nurjanovti’n’ «Ha’zirgi qaraqalpaq romani’» (syujet ha’m konflikt poetikasi’) (Нөкис, 2009) ha’m «Ha’zirgi qaraqalpaq romani’ poetikasi’» (kompoziciyasi’li’q ha’m janrli’q stillik wo’zgeshelikleri) (Нөкис, 2008) h.t.b miynetlerdegi ilimiy-teoriyali’q pikirlerden paydalani’ldi’. Bir qansha teoriyali’q miynetlerden metodologiyali’q tiykar si’pati’nda paydalani’ldi’. Sonday-aq jumi’si’mi’zdi’ jazi’w bari’si’nda qaraqalpaq a’debiyatshi’ ali’mlari’ M.Nurmuxammedov, J.Nari’mbetov, A’.Qoji’qbaev, Q.Sultanov, S.Bahadirova, K.Mambetov, Q.Ja’rimbetov, Q.Worazi’mbetov N.Wori’mbetova, H.Wo’temuratova, ha’m tag’i’ basqa a’debiyatshi’ ali’mlardi’n’ miynetindegi ilimiy-teoriyali’q juwmaqlardi’ basshi’li’qqa aldi’q.

**Jumi’sti’n’ izertleniw da’rejesi:** Sh.Seyitovti’n’ do’retiwshilik iskerligi, woni’n’ belgili shi’g’armalari’ a’debiyatshi’ si’nshi’lari’mi’z, ilimpazlari’mi’z ta’repinen de joqari’ bahalandi’. Atap aytqanda, a’debiyatshi’ ali’mlari’mi’z ha’m si’nshi’lari’mi’z akademik M.K.Nurmuxammedov, professor S.Axmetov, professor Q.Maqsetov, S.Bahadi’rova, J.Nari’mbetov, Q.Ja’rimbetov, K.Allambergenov, P.Nurjanov, H,Wo’temuratova h.t. basqalardi’n’ jazi’wshi’ni’n’ povestleri menen romanlari’ haqqi’nda bahali’ pikirleri bar. Sh.Seyitovti’n’ bir pu’tin do’retiwshiligi qaraqalpaq prozasi’n psixologiyali’q su’wretlewler, lirizm menen tu’rlendiredi. Realistlik prozami’zdi’ poetikali’q jaqtan jan’a basqi’shlarg’a qaray ko’teriwge sebepshi boldi’. Sonli’qtan da, ko’rkem psixologizm ma’selelerin so’z yete woti’ri’p, basqa da shi’g’armalar menen birge Sh.Seyitovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’na ayri’qsha a’hmiyet berdik. Sh.Seyitovti’n’ prozadag’i’ turmi’s shi’nli’g’i’n su’wretlewdegi sheberligi jazi’wshi’ talanti’ni’n’

ko'plegen qi'rlari' professor Q.Maqsetov[1], Z.Nasrullaeva[2], K.Mambetov[3], K.Qurambaev ha'm J.Yesenovti'n'[4] bir qatar miynetleri menen maqalalari'nda i'layi'qli' tu'rde bahalandi'.

1960-ji'llardan baslap tap ha'zirgi ku'nge shekem Sh.Seytovti'n' shi'g'armalari' a'debiy si'nnan shette qalmadi'. K.Allambergenov wo'zinin' «I'g'bal soqpaqlari'» maqalasi'nda jazi'wshi'ni'n' a'piwayi' detallarg'a da u'lken poetikali'q ma'ni ju'kleytug'i'nli'g'i'na hayran qalasan' deydi. Uli'wma bul maqalada jazi'wshi'ni'n' wo'zgelerge uqsamag'an sheberligi unamli' ko'z-qarasta bahalanadi'. Tap usi'g'an uqsas pikirlerdi S.Bahadi'rovani'n'[5], Q.Maqsetovti'n'[6], H.Hamidovti'n'[7] maqalalari'nda da ko'remiz. Son'g'i' da'wirde Sh.Seytov do'retiwshiligi J.Yesenov ta'repinen ken' tu'rde so'z yetilip ati'r. Ali'm J.Yesenovti'n' «G'a'zep penen jazi'lg'an roman» maqalasi' biz so'z yetpekshi bolg'an «Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'ni'n' wo'zinsheligin belgilewde, sonday-aq, shi'g'armani' pu'tkilley biykarlawshi'larg'a juwap retinde ayti'lg'an birden-bir izertlew boldi'. Ayi'ri'm zamanlaslari'mi'z bul romanda ko'z ko'rip, qulaq yesitip ju'rgen haqi'yqatli'qti' jasi'rmastan ashi'qtan-ashi'q aytqani'na qayi'l qalg'anli'g'i'n bildirip ati'rsa, geyparalar shi'g'armani' woqi'p boli'p yeki betinin' almasi'n si'zi'p jazi'wshi'ni' tu'rli nasaq so'zlerge ildirip ju'r. Shi'g'armada negizgi ma'sele tariyxti'n' jamanshi'g'anag'i'nda tubalaw waqti'nda qi'yan-keski unamsi'z ha'diyseler, wolardi'n' adamlardi'n' minez-qulqi'na tiygizgen zi'yanli' kesapatlari' tuwrali' so'z yetedi dep bul roman tuwrali' wori'nli' pikir bildiredi. Al hayal-qi'zlar obrazi'ni'n' jasali'wi', ayi'ri'm qi'zlari'mi'zdi'n' buzi'q ha'reketlerin sa'wlelendiriwde jazi'wshi'g'a tikkeley ayi'p tag'i'p shi'g'armani' pu'tkilley biykarlap taslawshi'larda boldi'. Bul

---

[1] Мақсетов Қ. Реализм менен толы көркем дөретпе. «Әмиўдәрья» 1984, №6.
[2] Насруллаева З. Проблема типа и характера современной каракалпакской прозы. Нукус. 1984, стр. 65-68, 40-44.
[3] Мамбетов К. Прозадан изленген соқпақ. «Әмиўдәрья» 1970, №3.
[4] Қурамбаев К, Есенов Ж. Жазыўшы шеберлигиниң айнасы// «Жас Ленинши», 1988 15-май.
[5] Баҳадырова С. Проза тилиндеги поэзия//«Совет Қарақалпақстан», 198716-май.
[6] Мақсетов Қ. Жоқары баҳаға ылайық//«Советская Каракалпакия», 198714-август.
[7] Ҳамидов Ҳ. Ылайықлы даўам еттириў//«Советская Каракалпакия», 1987 23-июнь.

bag’darda Q.Sultanov «Prozama yaki basqa ma?», A.Pazi’lovti’n’ «Kempiri tiri bolg’anda ma... Jazi’wshi’ bir mush jer yedi» maqalalari’ jazi’ldi’.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’** Bizin’ jumi’si’mi’z «Kirisiw», yeki bap, «Juwmaq» ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat. I bap «Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligi»dep atali’p, wol wo’z na’wbetinde yeki bo’limnen: «Qaharman obrazi’n izertlewdin’ ilimiy-teoriyali’q ma’seleleri» ha’m «Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda tariyxi’y sharayat ha’m qaharman obrazi’» bo’limlerinen turadi’. II bap «Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda qaharman psixologiyasi’ni’n’ evolyuciyasi’» dep atali’p, wol da wo’z na’wbetinde u’sh bo’limnen turadi’: 1-bo’lim «Milliy romanshi’li’g’i’mi’zdag’i’ ko’rkem psixologizmnin’ ayi’ri’m ilimiy-teoriyali’q ma’seleleri», 2-bo’lim «Qaharman psixologiyasi’n ashi’wda dialog, monolog ha’m ko’rkem detallardi’n’ tutqan worni’» ha’m 3-bo’lim «Romanda minezleme, portret ha’m peyzajdi’n’ qaharman psixologiyasi’n ashi’wdag’i’ xi’zmeti» dep ataladi’. «Juwmaq»ta biz ilimiy jumi’s bari’si’nda kelgen ilimiy teoriyali’q pikirlerimiz i’qshamlasti’ri’li’p berildi. Paydalani’lg’an a’debiyatlar jumi’sti’n’ aqi’ri’nda ha’zirgi bibliografiya iliminin’ qa’delerine muwapi’q jaylasti’ri’ldi’.

## I-Bap. Sh.Seytovti'n' «Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'nda qaharman obrazi'ni'n' jasali'wi' wo'sgesheligi.

### I.1. Qaharman obrazi'n izertlewdin' ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri

«Obraz-ko'rkem a'debiyat penen ko'rkem wo'ner shi'g'armalari'nda turmi's haqi'yqatli'g'i'n belgili bir usi'llarda sa'wlelendirgen ja'miyetlik qubi'li'slar, ta'biyiy ko'rinisler ha'm adamlardi'n' minez qulqi', a'dep-ikramli'li'g'i' (xarakteri). A'debiy do'retpelerde ko'birek obraz atamasi'nda jazi'wshi' ta'repinen su'wretlengen insan minez-qulqi', woni'n' du'nyag'a ko'zqarasi', woy-pikiri ha'm sezimler a'lemi tu'siniledi»[1]. Jazi'wshi' ko'rkem obraz arqali' du'nyani' an'laydi', wo'zi an'lag'an tu'sinikti ha'm wo'zinin' an'lap ati'rg'an na'rsege yemocionalli'q mu'na'sibetin sa'wlelendiredi. Usi' ko'zqarastan obraz a'debiyat ha'm iskusstvoni'n' pikirlew formasi', usi'li' yesaplanadi'. A'debiyatta jazi'wshi'lar obraz arqali' tek g'ana ja'miyetlik rawajlani'wdi'n' uli'wmali'q, wortaq bolg'an basil' belgilerin sa'wlelendirip qoymastan, al shi'g'armag'a qatnasi'wshi' qaharmanlardi'n' jeke minez-quli'q belgilerin de ashi'p beredi ha'm sol sebepli wol a'debiyattag'i' «qaharman» tu'sinigi menen ti'g'i'z baylani'sli'. Al, bul na'rse bolsa wo'z gezeginde jazi'wshi'ni'n' qaharmanlardi'n' ishki ruwhi'y a'lemin ashi'p beriwdegi sheberligin keltirip shi'g'aradi'. Wo'ytkeni, M.Gorkiy ayi'tqani'nday «birew-saqi'y, birew-si'qmar, birew-mi'lji'n', birew az so'yleydi, birew-mehriban, birew-tas bawi'r». Mine, bulardi' wo'z worni'nda do'retpenin' negizgi bag'dari'na baylani'sli' ashi'p ko'rsete biliw jazi'wshi' ushi'n an'sat yemes. Demek, obraz terminin konkret insang'a qollani'liwi'na qarap, obraz tu'sinigin to'mendegishe ta'riyiplew mu'mkin: jazi'wshi'ni'n' baqlawlari' tiykari'nda payda bolg'an, woni'n' fantaziyasi' na'tiyjesinde do'regen, belgili bir ideyani' tasi'wshi' insan wo'mirinin' konkret ha'm uli'wmalasqan ko'rinisi obraz dep ataladi'.

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: «Билим», 1994, 148-б

Yeger de buri’n ko’pshilik a’debiyatshi’-ilimpazlar ta’repinen obrazlar jazi’wshi’ni’n’ yestetik ideali’na sa’ykes keliwi yaki sa’ykes kelmewine baylani’sli’ sha’rtli tu’rde yekige: unamli’ ha’m unamsi’z obrazlar dep bo’linip ju’rgen bolsa, ha’zir bul atamalardi’n’ ilimde ha’m ko’rkem a’debiyatta ma’nisinin’ tarayi’p barati’rg’anli’g’i’n ko’remiz. Sebebi turmi’sti’n’ wo’zinde de tap yerteklerdegidey su’tten aq, suwdan taza adamlardi’ tabi’w qi’yi’n. Sonli’qtan da biz obrazlardi’ shi’g’armada tutqan worni’ ha’m wazi’ypasi’na qarap a’debiyattani’wda tu’rlishe: personaj, bas qaharman, yekinshi da’rejeli qaharman, xarakter, tip si’yaqli’ terminler menen ataladi’.

Ko’rkem shi’g’armadag’i’ obrazlar wo’zinin’ shi’g’armadag’i’ worni’ ha’m atqaratug’i’n wazi’ypasi’na qarap, yeki tu’rli boladi’. Yeger personaj shi’g’arma waqi’yalari’ni’n’ worayi’nda turi’p, syujet waqi’yalari’n ha’reketke keltirse, shi’g’arma konfliktinin’ sheshiliwinde jetekshi ro’l woynasa, jaziwshi’ni’n’ alg’a qoyg’an ideyasi’n ashi’p bere alsa, bunday personaj shi’garmani’n’ bas qaharmani’ boli’p yesaplanadi’. Ko’p jag’daylarda ko’rkem shi’g’arma worayi’nda bir yemes, bir-biri menen ten’ wazi’ypani’ atqaratug’i’n bir neshshe obrazlar turadi’. Bunday obrazlardi’n ha’r qaysi’si’ bas qaharman boli’p yesaplana beredi. Yeger personaj ko’rkem shi’g’armani’n’ worayi’nda turmasa da, qa’legen bir ta’repi menen jaziwshi’ni’n’ alg’a qoyg’an ideyasi’n ju’zege shi’g’ari’wg’a, woni’ tolti’ri’wg’a xi’zmet qi’lsa, bunday obrazlar yekinshi da’rejeli obrazlar boli’p sanaladi’.

Ko’rkem obrazdi’n’ belgileri haqqi’nda so’z ketkende, birinshi gezekte, woni’n’ indviduallasti’ri’lg’an uli’wmali’q si’pati’nda ko’rinetug’i’nli’g’i’na toqtali’w kerek. Barli’qtag’i’ ha’r bir na’rse-ha’diysede tu’rge ta’n uli’wmali’q belgiler ha’m soni’n’ menen birge woni’n’ wo’sine g’ana ta’n belgileri bar. Roman ushi’n obraz jarati’wda ko’rkem obraz to’mendegi belgige iye boli’wi kerek: uli’wmali’li’q, konkretlilik, indvidualli’q, ko’rkem toqi’madan paydalani’w, su’wretlewde ta’sirshen’likke yerisiw. Bular ko’rkem obrazdi’n’ belgileri boli’p, wolardi’ sha’rtli tu’rde, ha’r bir jazi’wshi’ni’n’ obraz jasawdag’i’ tiykarg’i’ qurallari’ dep atasaq qa’telespeymiz.

Jazi’wshi’ du’nyani’ obrazlar arqali’ ko’redi. Woni’n’ ushi’n janli’-jansi’z zat ha’m qubi’li’slardi’n’ ha’mmesi de obrazlar du’nyasi’. «Obrazli’ pikirlew barli’qta janli’ baqlawdan, seziwden baslanadi’ ha’m Sali’sti’ri’w na’tiyjesinde tuwi’latug’i’n jan’dan-jan’a sezimler ha’m qa’liplesip, rawajlani’p baratug’i’n ideyalar, pikirlerdin’ sheksiz ag’i’mi’nan ibarat boladi’»[1]

Tubalawshi’li’q ji’llardag’i’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ basi’nan wo’tken mashaqatli’ turmi’si’ haqqi’nda jazi’lg’an shi’g’armalar az yemes. Biraq, g’a’rezsizlik da’wirine deyin wo’tmish waqi’yalari’ siyasi’y ideologiyani’n’ won’’ qoli’ bolg’an socialistlik realizm metodi’ talaplari’na say su’wretlengenlikten, jazi’wshi’lari’mi’z wo’tmish waqi’yalari’n qali’s ha’m haqi’yqat tu’rde su’wretledi dep ayti’w qi’yi’n. A’lbette, bul da’wir waqi’yalari’n su’wretlewde wo’tkinshi ideologiya talaplari’nan bas tarti’p, g’a’rezsizlik zaman ko’zqarasi’nan qa’lem terbetip ati’rg’an jazi’wshi’lari’mi’z da joq yemes. Solardi’n’ biri, belgili jazi’wshi’ Sh.Seyitov boli’p tabi’ladi’. Wol wo’zinin’ 1992-ji’li’ jari’q ko’rgen «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda usi’ da’wir haqi’yqatli’g’i’n qali’s tu’rde su’wretlewge umti’lg’anli’g’i’n ko’remiz.

## I.2. Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda tariyxi’y sharayat ha’m qaharman obrazi’

Jazi’wshi’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda tubalawshi’li’q da’wirinin’ ashshi’ haqi’yqatli’g’i’n teren’ ha’m ken’irek sa’wlelendiredi. Romanda 50-ji’llardan baslap, 90-ji’llarg’a shekemgi arali’qtag’i’ tariyxi’y sharayatti’, tariyxi’y qubi’li’slardi’ su’wretleydi. «Shi’g’armada negizgi ma’sele tariyxti’n’ jamanshi’g’anag’i’nda tubalaw waqti’nda qi’yan-keski unamsi’z ha’diyseler, wolardi’n’ adamlardi’n’ minez-qulqi’na tiygizgen kesapatlari’, ayi’ri’m waqi’tlari’ aqi’ldan ayi’ri’li’p jilli boli’p ketiwge de ali’p kelip ati’rg’an is-ha’reketler bari’nsha wo’tkir til, qa’ha’rli-g’a’zep penen a’shkara yetiledi»[2].

---

[1] Худойбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент: «Ўқитувчи» 2003, 47-б
[2] Есенов Ж. Ғәзеп пенен жазылған роман//«Еркин Қарақалпақстан», 1993, 20-февраль, 2-б.

Waqi'ya No'kisti ten' bo'lip ag'i'p turg'an Qi'zketken kanali'ni'n' shep jag'asi'nda jaylasqan qala turmi'si'nan ali'nadi'. Buri'n kanaldi'n' bir tarmag'i' boli'p, son' aqpay qalg'an Aqtubag'a wo'rden ag'i'p kelgen haywanlardi'n' lashi' menen ha'r qi'yli' taslandi'lardi'n' ba'd iyisinen qala xalqi' ja'bir ko'redi. Xali'qti'n' shi'dap bolmas ayani'shli' usi'nday ti'msali'nda ja'miyettin' ruwxi'y azg'i'nli'g'i'n, ni'zamsi'zli'q aqi'betinde xali'qti'n' basi'na tu'sken apat, zorli'q, biypa'rwali'q, a'dalatsi'zli'qlardi', ma'n'gu'rlik psixologiyasi'n insaniyat u'stinen ju'rgizilgen eksperimentlerdin' haqi'yqi'y turmi'stag'i' awi'r aqi'betlerin beredi. Haqi'yqati'nda da, jeke si'yi'ni'wshi'li'q ji'llari' birewdi birew yezip, tonag'an zaman yedi. Ha'mme wo'z ta'g'diyirlerin tek «joqari'dag'i'»larg'a tapsi'ri'p solardi'n' izinen soqi'rlarsha sheksiz isenim menen yere bergen yedi. A'lbette, soni' da ayti'p wo'tiwimiz kerek, bazi'lar bul zamanni'n' parqi'na jete bildi. Biraq, ashi'q aydi'n ayti'wg'a qori'qti'. Sonli'qtanda, tubalawshi'li'q ji'llari'nda adamzatti'n' ma'n'gu'rge aylani'wi' mu'mkin yedi. Yag'ni'y, ma'n'gu'rlik psixologiyasi' ha'wij aldi'. Ja'miyette ni'zam wo'z ku'shin jog'altti', tek qabi'l ali'ng'ani' bolmasa, wol insani'y huqi'qlardi' qorg'awg'a ku'shi jetpedi. Paraxorli'q ku'sheygeni sonshelli, adamlardi'n' ta'g'diri bir pul shelli bolmastan, wolarg'a janli' maqluq si'pati'nda qaraldi'. Na'tiyjede, adamlar bir-birinen wo'sh ali'wg'a wo'tip turmi'sta adamlar arasi'nda miyrimsizlik, talawshi'li'q, tonawshi'li'q, shermendeshilikler ha'wij aldi'. Mine, usi'nday qolaysi'z social wortali'q, jalg'an siyasat hu'kim su'rgen da'wirde ja'miyette nebir jalataylar, ha'melparazlardi'n' na'sillleri wo'sip jetilisti.

«Sonday-aq romanda ja'miyette wori'n alg'an usi'nday unamsi'z qubi'li'slarg'a qarsi' turi'wshi' ku'shlerdin' bar yekenligi ko'binese tragediyali'q tu'rde real ashi'lg'an. Ja'miyetimizdegi unamsi'z ha'diyselerdi ashi'q aydi'n su'wretlewshi bag'dar prozami'zda T.Qayi'pbergenovti'n' «Ko'zdin' qarashi'g'i'», wo.A'bdiraxmanovti'n' «Bosag'a», K.Ma'mbetovti'n' «Hu'jdan» romanlari'nda teren'lestirildi ha'm wolardi'n' arasi'nda tu'rlishe qarama-qarsi'li'qli' pikirlerdin' bolg'anli'g'i' ma'lim. Sh.Seytovti'n' bul romani', mine,

usi’ bag’dardi’ jetilistirgen shi’g’arma[1] «jalatayli’q, miyrimsizlik, ma’n’gu’rlik ha’m tag’i’ basqa unamsi’z qa’siyetler, jag’daylar A’mirxan, Jetkergen, Nurlepes, Aytbay, Gu’limbet, Jerdash, Aybo’rek ha’m tag’i’ basqa da qaharmanlardi’n’ obrazlari’nda sa’wlelenedi. Su’wretlengen qaharmanlardi’n’ tu’rli-tu’rli ta’g’diyirleri, wolar jasag’an socialli’q wortali’q birneshe wonlag’an ji’lli’qti’ wo’z ishine alatug’i’n tariyxi’y da’wir kelbeti qaharmanlardi’n’ dialoglari’ arqali’ beriledi. Ha’tteki, sol ma’mleketlik ideologiya, siyasattag’i’ sol da’wir sharayati’ payda yetken mashqalalar da qaharmanlardi’n’ wo’z ara pikir ali’si’wlari’nda ashi’q -aydi’n ayti’ladi’. Mi’sali’:

–A’y, usi’ ata-babani’n’ tusi’nda araq ta, papi’ros shegiwde joq yedi, qaydan shi’qti’ sol apat. A’y, bilgishler, juwap bermedin’iz-g’o sizler? YA qorqasi’z ba? -Ja-aq,-No’kerbay basi’n shayqadi’.-Ha’zir birewden-birew qorqpaytug’i’n da, birewge-birew bag’i’nbaytug’i’n da zama-an, nesine qorqami’z, arag’i’n’ da, papirosi’n’ da wori’slar menen keldi, a-al yesitpeyik degenin’ solmedi? Buri’nlari’ bunday ga’p ushi’n qamar yedi, yashasi’n yerkinlik! Ne aytsan’da yerkinsen’, ayta ber, ayta ber

-Usi’ yerkinlik u’yimizdegilerge a’det bolmasa dey be- yer! -Palwaniyaz saqali’n tutamlap jasti’qtan basi’n almastan shayqadi’. -Kelinlerimiz, balalari’mi’z «a’shkarali’q, ja’riyali’li’q «dep ne bolsa soni’ ju’zimizge... Bay -bay-bay baay, a’kesin uslap qamatqanlardi’ bayag’i’da komsomolg’a aldi’ –aw? Partiyag’a ali’p ha’mel berdi-aw! (530-bet)

Buyri’qpazli’q, stalinlik siyasat ju’rgizilgen da’wirde yelde jag’day usi’ ta’rtipte yedi. A’kesin balasi’na, balasi’n a’kesine qarsi’ qoyg’an waqi’t. Yerkin so’ylesiw de joq. Al, ja’riyali’li’q, demokratiyali’q ken’ tu’s alg’an son’g’i’ jag’day da jaqsi’ yemes yedi. Buni’ da xali’q jaqsi’ tu’sinip jetpedi. Bul romanda Palwaniyazdi’n’ aytqanlari’nday ma’ni de tu’sinildi.

Romanda A’mirxan obrazi’nda bul da’wirdin’ haqi’yqi’y kelbeti tipiklestirilip berilgen. Wol No’kistegi bir du’kanni’n’ basli’g’i’. «Joqari’dag’i’larg’a» so’zi

[1] Есенов Ж. Ғәзеп пенен жазылған роман «Еркин Қарақалпақстан» 1993, 20-февраль, 2-б.

wo’tedi, du’kandag’i’ wo’timli zatlardi’ sati’p yamasa u’yine tasi’p ali’p bos du’kang’a wot berip, qarawi’nda islewshilerdi jala jawi’p qamati’p jiberedi. Wol barli’q na’rseni pul menen ten’geredi. Tresttin’ basli’qlari’n da, raykom sekretarlari’nda, ha’tte, zan’ wori’nlari’na da aralasi’p wolardi’ wo’zi qoya beredi. Mi’sali’, leytenant Atamurat Shamuratovti’ Aqtubadan Respog’a uchastkavoy yetip wo’zgertip jiberedi. A’mirxan kewline kelgenin yerkin isley beretug’i’n, woynaslari’nda tez-tez almasti’ri’p ju’re beretug’i’n jawi’z adam. Bul Aybo’rek penen Jerdashti’n’ dialogi’nda ani’q ayti’ladi’: «A’mirxang’a qul boli’w mag’an da jaqpaydi’, basqa ila’ji’mi’z joq tigisligin’di bildirsen’ bul adam jawi’z, joq qi’li’p ta, quwi’p ta jiberedi. Woni’n’ judi’ri’g’i’ ku’shli, arqasi’ bekkem, gu’ressen’ seni adam yetpey taslaydi’. Soni’n’ ushi’n wo’zin’e qarsi’ gu’restirmey jasa A’» (63-64- betler)

Haqi’yqati’nda, bular u’shewi-A’mirxan, Jerdash, Aybo’rekler hiylekerlikti, ipla’sli’qlardi’ biri-birinen wo’tkeredi. A’mirxanni’n’ pul tabi’w, bayli’q toplawda, jumi’si’n basqari’wda wo’z «sistemasi’» bar. Woni’n’ pikirinshe:-Bul xanlardan qalg’an sistema! Qati’nlardi’n’ birine-birin qarawi’l yetip qoyi’ppan, bulardi’n’ ba’ri usi’ du’kanni’n’ iytleri. Qati’n yemes bular-shaytanlar... SHaytandi’ jumsaw ushi’n shaytang’a ta’sil u’yretetug’i’n shaytan boli’wi’n’ kerek! (7-bet).

Romanda hayal-qi’zlardi’n’ qorlani’wi’na, ar-nami’si’ni’n’ ayaq-asti’ yetiliwine sebepshi bolg’an A’mirxan usag’an aqshani’n’ puwi’na semirgen adamlardi’n’ is-ha’reketleri arqali’ wolar jasag’an social wortali’qtag’i’ ni’zamsi’zli’q, adam shi’damas qorlani’wlar pash yetiledi. Jazi’wshi’ haqi’yqi’y turmi’sti’ qatti’ g’a’zep penen bari’nsha ashi’q-aydi’n beriwge ha’reket yetedi.

A’mirxandi’ da A’mirxan yetip qoyg’an woni’n’ puli’ wol worazgu’lden baslap Tursi’ng’a shekemgilerdi puldi’n’ ku’shi menen toplaydi’. Ha’tte, wo’z nekelisi Ubayda da puldi’n’, du’nya-maldi’n’ puwi’na duwalang’an. Wol uzaq keleshekke ko’z juwi’rta almaydi’, aqi’l ta’rezisine sali’p ko’rmeydi.

Keshegi tubalawshi’li’q da’wiri dep atalatug’i’n da’wirdegi ma’mleket ta’repinen shi’g’ari’lg’an ni’zamlardi’n’ ha’meldarlar ta’repinen buzi’li’wi’n jeke

hu’kimranli’qti’n’ hu’kim su’riwin bir-birewdi tonag’an yezilgen adamlardi’n’ haqi’yqatli’qqa yerisiwge bolg’an iseniminen ayi’ri’p, insani’y haq-huqi’qlardi’n’ ayaq-asti’ yetiliwin A’mirxan obrazi’ arqali’ su’wretlep beredi .

Romandag’i’ «usi’ qusag’an unamsi’z illetler ja’miyette absurd sharayatti’n’ kelip shi’g’i’wi’na tiykar tayarlap, bul na’rse wo’z gezeginde qaraqalpaq prozasi’nda absurd a’debiyatti’n’ bir qansha si’patli’ belgilerin payda yetti»-deydi qaraqalpaq prozasi’n izertlewshi f.i.k P. Nurjanov.

Al, Jerdash, Aybo’rekler bolsa ataq-abi’roy, du’nya-mal, bayli’q toplawda A’mirxandi’ izde qaldi’ri’p ketedi. Aybo’rek hasli’ xiywali’ qi’z. Sonli’qtan, wol istin’ aqi’ri’na shekem shi’dam bere aladi’. Wog’an A’mirxanni’n’ minezi bes barmaqtay belgili. Soni’n’ ushi’n da A’mirxannan wo’sh ali’wda ar-nami’si’ni’n’ ayaq-asti’ yetiliwine waqi’tsha shi’dam berip, iplasli’q islerdi wonnan da wo’tkerip isleydi. Woni’n’ pikirinshe: A’mirxanni’n’ wo’sh ali’wdi’n’ birden-bir joli’ usi’. YAg’ni’y: «Sabi’r tu’bi sari’ alti’n, sarg’ayg’an jeter muratqa», sabi’r yet shabazi’m, bul qorlani’wlardi’n’ da aqi’yri’-qayi’ri’ bag’ar,-dep si’bi’rlaydi’ Aybo’rek. -Kim birewdi qorladi’m dese wo’zin-o’zi qorlag’ani’. Birewge islegen qorli’g’i’ adamni’n’ basi’na kelmey turmaydi’, buni’ mag’an kempir apam tu’sindiretin yediA’ Bilemen senin’ nami’si’n’ keletug’i’ni’n, bilemen,bilsem qa’yteyin, jurttan asqan bilimin’ joq, wo’z haqi’n’di’ wo’zin’ juli’p ali’p jegendey shaman’ joq, soni’n’ ushi’n ha’zirshe ayaq-asti’ bolg’ani’ma qayi’lman, buni’ men jen’iske yerisiwimiz ushi’n islewge ma’jbu’rmen. Na’ka’sti’ jen’iw ushi’n woni’n’ wo’zinen ha’m beter na’ka’slikke bari’p iyiliwge tuwra keletug’i’n jag’daylar boladi’!. (63 bet)

Jazi’wshi’ qaharman obrazlari’na wo’zi si’patlama berip woti’rmastan wolardi’n’ minez-qulqi’, psixologiyasi’ ko’pshilik wori’nlarda qaharmanlar tilinen ashi’p beriledi. Mi’sali’, A’mirxan haqqi’nda Aybo’rek bi’lay deydi: «Ol seni adasti’ri’p baplap qoyi’ppan dep qaladi’, sen sonda aldang’an boli’p sadasi’rawi’n’ menen woni’n’ wo’zin aldap kete al, aldanbag’ani’n’di’ bilgen ku’ni wol sag’an qarsi’ gu’resedi, woni’n’ judi’ri’g’i’ ku’shli, arqasi’ bekkem gu’resse seni adam

yetpey taslaydi’. Bul tek aqmaqli’g’i’ aq ko’zliligi menen-aq, du’nya-mal, aqsha artti’ri’p alg’an, yendi tek woni’ ko’beytiwdin’ joli’n bildi, al saqlawdi’n’ u’rim-putag’i’na qaldi’ri’wdi’n’ joli’n bilmeydi» (64-bet).

Qaharman obrazi’n jasawda avtor qaharmanlardi’n’ bir-birine baha beriwi usi’li’nan paydalanadi’. Ja’ne bul usi’l arqali’ tariyxi’y tipik sharayatti’ sa’wlelendiredi.

Romandag’i’ Aybo’rek obrazi’ qospali’ obraz. Woni’n’ xarakterinde unamli’ qa’siyetlrge qarag’anda unamsi’z qa’siyetler basi’m. Sonli’qtan, ko’pshilik a’debiyatshi’ si’nshi’lar, recezentlerde romandag’i’ hayal-qi’zlar obrazi’ haqqi’nda jaqsi’ pikir bildirgen yemes. Wolar bul ushi’n ko’pshilik jag’dayda avtordi’ ayi’playdi’.

Negizinde, bul tariyxti’n’ jamanshi’g’anag’i’ndag’i’ turg’i’nli’q da’wirine ta’n jag’day. Haqi’yqat wo’mirde boldi’. Hayal-qi’zlardi’n’ birazlari’ bunday iplasli’qlarg’a bardi’. Ja’miyetlik turmi’sti’n’ wo’zi insang’a usi’nday tariyxi’y sharayatti’ jaratti’. A’debiyatshi’ J.Yesenovti’n’ duri’s belgilegenindey: «SHi’g’armada worazgu’ldi de, Tursi’ndi’ da ha’tteki wo’zinin’ nekeli hayali’ Ubaydani’ da puldi’n’ ku’shi menen duwalap qoyg’an A’mirxan yemes pe? Sonda hayal-qi’zlardi’ qorlawshi’ jazi’wshi’ ma yamasa A’mirxang’a uqsas turmi’sta wo’zimiz ko’rip ushi’rap ju’rgen insapsi’zlar ma? Buni’n’ parqi’n aji’rata biliwimiz kerek»[1]

A’mirxannan du’nya mal toplawda wozi’p ketiw tu’sinigi Aybo’rektin’ insani’yli’qqa jat ko’z-qarasi’ yedi. Da’slep Aybo’rek penen Jerdash A’mirxanni’n’ qarawi’nda isleydi. Du’kan wo’rtengennen son’ Jerdashti’ jumi’sqa almaydi’. Aybo’rektin’ qoli’nda jas balasi’ bar. Buri’ng’i’ du’kanshi’li’q worni’n sorag’ani’n da A’mirxan «yaqshi’» dep keyinge qaldi’radi’. Keyin vinozavodti’n’ direktori’ Jetkergen menen tani’si’p, araq du’kani’n ashadi’, ku’yewi Jerdashti’ qarawi’l yetip wo’tkeredi. Pulg’a a’bden mi’yli’g’i’nan batadi’. A’mirxang’a yermek bolg’an ku’nlerin umi’ta almay, aldi’na keltirip wo’sh ali’wdi’ woylay

[1] Есенов Ж. Ғәзеп пенен жазылған роман «Еркин Қарақалпақстан» 1993, 20-февраль, 2-б.

baslaydi’. Ju’k tasi’p arqasi’ shirigen ku’yewi Jerdashti’ A’mirxannan wozdi’ri’w ushi’n No’kerbayg’a jali’nadi’. Woni’ da puldi’n’ ku’shi menen institutti’ pitkertedi. Jerdash ma’kkarli’qti’, jawi’zli’qti’ A’mirxan menen Aybo’rekten de wo’tkeredi. Dene ta’rbiyasi’ fakultetinde woqi’ytug’i’n jas biygu’na qi’z Biybirabani’n’ ta’g’dirin jigirma bes mi’n’ menen ba’sekege tigip, A’mirxanni’n’ jalg’i’z balasi’n wo’zi menen «baja» boli’wg’a ko’ndiredi. Woni’n’ tiykarg’i’ maqseti ar-nami’sti’ ayaqqa basi’p shalqi’g’an A’mirxannan wo’sh ali’w. Bul maqset joli’nda biygu’na adamlarg’a hazar beriwden de qaytpaydi’. Ba’rinen wo’tip ketkeni hesh kim betine kelmegen, jel boli’p tiymegen A’mirxandi’ reketirlerdin’ ja’rdeminde bar puli’n tarti’p ali’wi’ yedi. Bul is woni’n’ balasi’ni’n’ da wo’limine sebepshi boldi’. A’mirxanni’n’ tili menen aytqanda wo’zi talawdi’ u’yretken iytten wo’zi talandi’.

Hayali’ Aybo’rek qansha adamlar menen suyi’qayaqli’q yetip, woni’n’ barli’q iplasli’q ha’reketlerine ko’nip ju’rgen Jerdash son’i’nda mektep direktori’ boli’p shi’g’a keledi. A’mirxan menen za’n’giles bolg’an son’ woni’n’ menen du’nya jari’sti’radi’. Aqi’ri’, wonda A’mirxang’a qarag’anda aqsha ko’p yedi. Sonli’qtan, Berdashti’ prokurorli’q jumi’sqa wo’tkeredi. Aytbay domkomni’n’ qi’zi’ Biybirabani’ Berdash A’mirxanni’n’ balasi’ Temirxan menen birge zayalap, son’i’nda jumi’s babi’nda topi’li’s jasadi’ dep ati’p wo’ltiredi. Prokuroturadan shi’g’ari’lsa da qamalmay rayong’a advokat boli’p ketedi. Aytbay wo’sh ali’p ju’re me?-dep gu’diklengen Jerdash Bozatawg’a fermer boli’p ketedi. Jayi’n A’mirxang’a satadi’. A’mirxan wol jaydi’ «miymanxanag’a» aylandi’radi’.

Romandag’i’ usi’ da’wirdin’ si’patli’ jag’dayi’n ashi’p beretug’i’n ja’ne bir qaharman Gu’limbay arzago’ydin’ obrazi’. Wol biygu’na adamlardi’n’ u’stinen domalaq arza jazi’wg’a qayi’m adam. A’mirxanni’n’ du’kani’na uzaqtan si’m menen wot bergende Gu’limbay Nag’i’metovich. Aytbay Finagent-domkomdi’ qorqi’ti’p, domkomli’qti’ tarti’p aladi’. Wog’an Nurepesten para alg’an son’ u’stin’nen shag’i’m yetemen dep qorqi’tadi’. U’yine kelgen Aytbaydi’n’ aytqan so’zlerin magnitafong’a jazdi’ri’p ali’p, qorqi’ti’p pul aladi’, izinen wo’zin

qamati'p jiberedi. Wol tek Aytbaydi' yemes, partiyag'a, hu'qimetke qarsi', Stalindi, Brejnevti jamanladi',olar haqqi'nda qosi'q jazdi' dep talaylardi'n' shan'arag'i'na qara quyi'ldi'rg'an adam. Sonli'qtan, wonnan wo'z bala-shag'asi', hayali' da bezip ketedi. Aqi'ri'nda, bul adamni'n' yesi kirerli-shi'g'arli' boli'p ju'rgenligin ko'remiz.

«Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'nda jazi'wshi' uli'wma insani'yli'q ideyalardi' ko'terip, woqi'wshi' da qarawsi'z qalg'an adamlardi'n' hali'na ayani'sh sezimlerin woyatsa bir jag'i'nan wonnan quti'li'wdi'n' jollari'n izletedi. Bunday adamlardi'n' ko'bisi indomnan qashi'p a'wliyeden baspana tapqan g'arri'lar yedi. Wolardi'n' bul ku'nin ko'p ko'rip raykom sekretari' Aysha To'rebekova qa'birstannan wolardi' quwi'p shi'g'ardi'.

Sonday-aq, uri's ha'm miynet mayi'plari', pensiyag'a shi'qqan Nurlepestin' qatar qurbi'lari' da zamanni'n' naqolayli'g'i'nan na'shebent boli'p ketedi. Wolar Xojambergen, Nazari'mbet, Ta'jimurat, Ja'limbet, Aytjan, Palwaniyaz temir quyri'q zamani'na nali'p, siyasattan ga'p qozg'ap woti'radi'. Wolar na'shebent bolg'ani' menen zaman bag'i'ti'na, ag'i'mi'na qaray woy juwi'rtadi'. Bul ko'knarshi'lar ushi'n Nurlepestin' u'yi qolayli' boli'p ha'r ku'ni azan menen usi' u'yge qaray asi'g'adi'.

Turmi's jag'dayi'ni'n' to'menligi sebebinen qa'wendersiz qalg'anlar, xali'qqa xi'zmet ko'rsetip hu'rmetli demali'sqa shi'qqan polkovnikler, woqi'ti'wshi'lar, raykom sekretarlari', ma'deniyat iskerlerine hu'rmetsizlik penen qarag'anli'g'i', wolardi'n' ta'g'dirinin' mazaq yetiliwi sonshelli, wolar u'mitsizlik penen ma'sku'nemlikke beriledi. Wolar mektep mug'allimleri No'kerbay, Siysen, Ta'n'irbergen, Turdi'bay shayi'rlar, keyin wolardi'n' qatari' polkovnik Berda'mbet penen toli'sadi'. Turdi'bay shayi'r menen No'ker araq iship ma's boli'p ishindegi da'rtlerin so'z benen de, qosi'q penen de ayti'p jazi'li'si'p qaladi'. Bul obrazlarda da'wirdin' ashshi' haqi'yqatli'g'i'n ashi'p beredi: «Hu'kimettin' buyri'g'i'n wori'nlaw kerek. Sebebi, hu'ku'wmet degen bul-Joqarg'i' Sove-et!

Ceka-aa! SovMIN. A’ne solar woylanadi’ men ushi’n, menin’ woylani’wi’mni’n’ tu’k keregi joq!..(76 - bet)».

No’ker, Turdi’bay ha’m basqa na’shebentler de iship ali’p keldi-ketti ga’pti ayti’p woti’rg’ani’ menen bulardi’n’ ha’mmesi de sol da’wirge ta’n yedi. Xali’qti’n’ woylanbastan joqari’dan shi’qqan buyri’qti’ wori’nlap, yeshkini, yeshekti joq qi’li’p jiberiwin, qayta qurami’z dep jaylardi’ buzi’p xali’qti’ baspanasi’z qaldi’ri’wi’n beriw arqali’ adamzatti’n’ ma’n’gu’rge aylani’p barati’rg’anli’g’i’n sa’wlelendiredi. Adamni’n’ ma’n’gu’rlik psixologiyasi’ni’n’ ha’wij alg’ani’ sonshelli jazi’wshi’: «Mi’naw senin’ nachalnigin’ bag’i’nasan’ dedi me, meyli wol adam yemes, qawi’n qaraqshi’ bola g’oysi’n, bag’i’nasan’! -deydi Turdi’bay shayi’r tilinen. Bular da’wir do’retken adamlar. Da’wirdin’ tragediyasi’ usi’ obrazlarg’a ja’mlengen. Ma’sku’nemler de, na’shebentler de Nurlepestin’ u’yine ji’ynali’p mun’lasadi’, da’wirdin’ siyasati’n talqi’laydi’.

Hu’kimet basi’na basqa basshi’ kelip, siyasatta wo’zgerdi, na’shebentlikke, ma’sku’nemlikke qarsi’ gu’res baslanadi’. Ja’limbet baqi’rawi’q ko’knardan wo’lip quti’ladi’. Ma’wlen sari’ ayti’sa-ayti’sa wo’lip ketedi. Usi’layi’nsha, romanda ko’plegen qaharmanlardi’n’ ta’g’diri tragediyali’q awhalda juwmaqlanadi’.

Romandag’i’ «kommunizm qurami’z», «Amerikani’ quwi’p jetip wozi’p ketemiz!» degen urang’a sadi’q qalg’an qaharmanlardi’n’ biri Berda’mbet. Wol Chapaevshi’l a’skeriy sa’rkarda, yeki uri’sti’n’ da qatnasi’wshi’si’, yekinshi uri’sta voenkomli’q yetip wo’z balasi’n wo’zi ati’p wo’ltirgen adam. Haqi’yqatti’ jasi’rmastan, da’lden tuwri’ xabar beredi. Hu’kimetti jamanlap, siyasatti’ natuwri’ degen ma’sku’nemler menen jati’p ayti’sadi’. Jumi’stan bosag’an son’ No’ker menen Siysennin’ qatari’na qosi’ladi’. Wo’z hu’jdani’na qarsi’ tura almay, partiyag’a isenimi qalmay «menin’ sonsha ji’lli’q xi’zmetim, demek, gu’lla’n wo’mirim pushqa shi’qti’, yendi jasawi’mni’n’ nege, kimge keregi bar?» dep zamani’na qol siltep u’yinde uw iship wo’ledi.

Romanda No'ker, Siysen, Turdi'bay shayi'r, Ja'limbet, Nazari'mbet, Palwaniyaz temirquyri'q, Berda'mbet, Ta'jimurat qusag'an, qaharmanlar ko'p wolar wog'ada qospali' quramali' ta'g'dirge iye. Wolardi' unamli' yaki unamsi'z qaharman dep bo'lip qaraw mu'mkin yemes. Qanshelli ma'sku'nemlikke berilgeni menen, wo'z da'wirinin' qayg'i'si' menen jasag'an woqi'mi'sli' siyasatgo'y da'wir zi'yali'lari' «Zamani'na qaray hamali'» degen da'wirdegi hesh qanday sharasi'zli'qtan ma'sku'nemshilik, ishiwshilikke berilip ketedi.

«Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'nda su'wretlengen, xali'q turmi'si'ni'n' wo'zgesheliklerin wo'z boyi'na sin'dirip alg'an bul personajlar sol da'wirdin' tipik obrazi' boli'p yesaplanadi'.

Nurlepes, Na'zigu'l, Jumagu'l-Jumash obrazlari' wo'z boyi'na teren' adamgershilik qa'siyetlerdi ja'mlegen insanlardi'n' tipik wa'kili. A'sirese, Nurlepes basi'na qanday is tu'sse de, «quday saldi' ko'nemiz», bunnan beterinen saqlag'ay dep ta'wbe yetip ju'redi. Wol hadal, haq niyetli, ha'r qanday mu'siybet tu'skende de adamgershilik pa'ziyletin saqlap qali'w menen birge da'wirdin' bag'i'ti'n, siyasati'n tu'sinbey jasadi'. A'mirxan wog'an ne is buyi'rsa da «la'bbay» dep tayi'n turadi'. Pasportsi'z bolg'anli'qtan ha'mme waqi't qorqi'p jaltaqlap ju'rgenin ko'remiz. Sadali'g'i' an'qawli'g'i'nan Aytbaydi'n' «eshkini jog'altpasan' qamataman tekseriw keldi» degen ga'pine isenip, yeshkisin wog'an jeteletip jiberedi. Qi'zi'n yemletemen dep aldap ali'p ketkeninde A'mirxang'a qudayday isenedi. A'mirxandi' ju'rgen jerinde maqtap, wol haqqi'nda ayti'lg'an ga'plerdi biykarlap «onday yemes» dep ju'redi. A'mirxanni'n' islegen «jaqsi'li'qlari'na « ma's boli'p quwani'p bir wo'mir i'rza boli'p ketedi, biraq biz woylag'anday boli'p shi'qpaydi'. Qi'zi' Tursi'n ish buri'wdan wo'lip balasi' wo'mirxandi' Ubaydani'n' yetegine saladi'. Bunnan son' jalg'i'z g'arri'ni' Ken'esgu'ldin' qoli'na kirgizedi. Bul roman menen u'nles bolg'an absurdli'q sharayatti' ken' tu'rde sa'wlelendirgen A.A'bdievti'n' «Jin-ji'pi'rlar uyasi' «romani'nda Sa'yekenin' obrazi'nda, K.Raxmanovti'n' «Aqi'bet» romani'nda Jumataydi'n' a'kesinin' xarakteri menen Nurlepestin' xarakterin sali'sti'ri'p

qarag’ani’mi’zda biraz pari’qti’n’ bar yekenligin ko’riwimizge boladi’. Bunda Nurlepes wo’zinin’ a’dewir sadali’g’i’ menen ko’zge tu’edi. Wo’zinin’ huqi’qi’ ushi’n gu’resip woti’rmaydi’. Woni’, ha’tteki, an’lap ta jetpeydi. Mine, bunday sadali’q ha’reketler, bizin’she, wol insan qanshelli ken’ peyil bolsa da woqi’wshi’da da g’a’zep woti’n tutandi’ri’wi’ ta’biyiy. Romandag’i’ mi’na bir waqi’ya Nurlepestin’ psixologiyasi’ni’n’ keskin wo’zgeriwne sebepshi boladi’: «Tap ku’pa’-ku’ndiz-aq yedi, Gu’limbay Nag’meti’shti’n’ tog’i’zi’nshi’ni’ bi’yi’l pitkergen qi’zi’, shashlari’ qoprap, ish ko’ylek penen jaydan ati’li’p shi’qti’ da da’rwazag’a qaray juwi’rdi’, izinen quwi’p kiyati’rg’an Ken’esgu’l «jap darwazani’ jap «dep baqi’radi’.» (566-bet)

G’arri’ usi’ waqi’yadan son’ Palwaniyaztikine ketedi. Jolda kiyati’rg’an g’arri’ni’n’ yesine Gu’limbaydi’n’ qi’zi’ yeleslegeni sol, qi’zi’ Tursi’n yadi’na tu’sedi. Wo’zinin’ qudayday isengen A’mirxani’ni’n’ haywanli’q islerin sol waqi’tta g’ana biledi. «Barayi’n da jayi’na wot bereyin bul haywanni’n’!» (567-bet)

Mine, jazi’wshi’ Nurlepes g’arri’ni’n’ A’mirxang’a qarsi’ usi’ woyi’n sa’wlelendiriw arqali’ ma’ngu’rlik psixologiyasi’nan ayi’g’i’w, sadali’qtan, an’qawli’qtan quti’li’w ideyalari’n alg’a qoyi’w menen birge, wog’an qarsi’ ku’shlerdin’ woyani’p kiyati’rg’anli’g’i’n aytadi’. Nurlepestin’ wo’limi «joqari’dag’i’larg’a» qarsi’ gu’resken ayi’ri’m insanlardi’n’ wo’miri menen sabaqlas. A. A’bdievtin’ «Jin-ji’pi’rlar uyasi’» romani’nda Ca’yeke obrazi’ da sol da’wir shi’nli’g’i’n ashi’p beriwde u’lken a’hmiyetke iye. Biraq wol da ni’zamsi’zli’qti’n’ aqi’betinde bir wo’mirge «jilli» atandi’.

Nurlepestin’ de, Sa’yekenin’de de izbasarlari’ g’a’rezsizlik da’wirine kelgende g’ana wolardi’n’ wo’shin dushpanlari’nan ali’p bere aldi’. Bul arqali’ jazi’wshi’ da’wirdin’ wo’zgeriwi menen adamlardi’n’ psixologiyasi’ni’n’ wo’zgerip bari’wi’n az da bolsa, wo’z ta’g’diri ushi’n gu’resiwshi insanlardi’n’ shi’g’i’p ati’rg’anli’g’i’n ko’rsetedi.

Wo'mir ta'shwishlerin ko'p ko'rip, japa shekken Na'zigu'l wo'z boyi'ndag'i' hasi'lli'qlari' menen woqi'wshi'lardi' su'ysindiredi. Jasli'g'i'nda ko'zinin' a'zziligine bola birinshi ku'yewi Nasi'r taslap ketedi. Wonnan Tursi'n degen yesalan'law qi'zi' qaladi'. Woni'n' Nurlepes penen turmi's quri'wi'ndag'i' syujetti jazi'wshi' kompoziciyali'q jaqtan sheber baylani'sti'ri'p ko'rsetken. Na'zigu'l ko'zi a'zzi bolsa da, hasla ta'g'dirge nali'maydi'. Bes waqi't namazi' du'ziw, dinge berilgen hayal. Wo'zinin' haqi'- huqi'qi' ushi'n ayti'si'p woti'rmastan, zorli'qqa, a'dilsizlikke ko'nip woti'ra beredi. Aybo'rekti de tuwri' jolg'a sali'p, namaz sabag'i'n u'yretedi: «Erin'-pirin'» piyrin'e wapadar bol kelinshek ashi'wshaq bolma, ha'r ba'lege ashi'w aparadi' bendesinA' «Ashi'w araz, aqi'l dos» demeyme, ata-baba! wo du'nya bu du'nyada zinaxorli'q keshirilmeydi! Hayallar qudaydi'n' qulshi'li'g'i'n islep, allag'a ji'lasa, alla degennin' ke-en'! dep suyi'qayaq Aybo'rekti tuwri' jolg'a saladi'. Aybo'rekti ta'wbege keltirip, qayta ta'rbiyalap aqi'rettin' bar yekenligine isendiredi. Bul jag'i'nan qarag'anda Na'zigu'ldin' obrazi'nda hayal-qi'zlarg'a ta'n miyirmanli'q wo'mirge i'qlas, perzentke su'yispenshilik pu'tkil qaraqalpaq qi'zlari'ni'n' ta'g'diri sa'wlelendiriledi.

Insan qanshelli haq niyetli islerge umti'li'p jasag'an menen arzi'wlari' iske asa bermewi de mu'mkin. Na'zigu'l son'g'i' ku'yewinin' balalari' Sazturg'ang'a, Nurqasi'mg'a tuwmasa da tuwg'anday yetip qaraydi', ta'rbiya beredi. Nurqasi'mdi' u'ylendirip, Ma'nigu'l atli' kelin tu'siredi. Ma'nigu'l de bul shan'araq iyelerine minezi, ju'ris-turi'si' say kelin boladi'. Biraq bul shan'araqtag'i' quwani'sh uzag'i'na bolmay, Nurqasi'm armiyag'a ali'ni'p, Awg'anstannan tabi'ti' keledi, kelinshegi Ma'nigu'l bul qayg'i'g'a shi'damay jinli-su'reyli boli'p ketedi. Nurlepestin' shan'arag'i'na ta'n'irdin' qi'ri'n qarati'wi', mine, usi'nnan baslanadi'. Buni'n' u'stine Na'zigu'ldin' son'g'i' quwani'shi' bolg'an qi'zi' Tursi'nni'n' A'mirxannan ha'mledar boli'p qali'wi' Na'zigu'ldi a'bden aqi'ldan azdi'radi': «Adam yesten bir ayi'rlsa qatti' ayi'ri'ladi', degbirden sassa, a'sirese, Na'zigu'l sasadi', barli'q aqi'l woyi'n qi'zi' iyelep alg'an biyshara

ana ayag'i'ni'n' asfaltqa tiymey qara topi'raqti'n' u'sti menen ketip barati'rg'ani'n bilmeydi» (558-bet).

Yesi-aqi'li'nan ayi'ri'lg'an Na'zigu'l «jolg'a tu'sip ketermen» degen woy menen jalg'i'z ketip Aqtubag'a g'arq boladi'.

Jazi'wshi' wo'mirdegi jawi'zli'qqa, mehriybanli'qti' qarama-qarsi' qoyi'p su'wretleydi. Biybiraba, Sazturg'an obrazlari' buni'n' ayqi'n mi'sali'. Wolardi' «jawi'zli'qqa nami'ssi'zli'qqa, yekinshiden, sadali'qqa, an'qawli'qqa qarsi' woyani'p kiyati'rg'an jan'a ku'shler dep yesaplawg'a boladi'[a']. Biybiraba obrazi'na shi'n muhabbat sezimleri teren' sin'dirilgen. Romanda iplasli'q, buzi'qli'q penen shug'i'llanatug'i'n Aybo'rek, A'shirepi, worazgul, Ken'esgu'l ha'm tag'i' basqalar usi' tiptegi hayal-qi'zlardi'n' jaramas qa'siyetlerine Biybiraba qorlang'an wo'miri, ar-nami'si' ushi'n basi'n wo'limge tigedi. Tubalaw da'wirindegi tipik sharayat usi'nday jawi'zli'qqa qol uri'wg'a adamdi' ma'jbu'rleytug'i'n yedi. Biybirabani'n' ar-nami'si'n ayaq-asti' yetken Temirxan wo'z jazasi'n aladi'. Woni'n' wo'limin Jerdash penen A'mirxanni'n' ba'sekelesiwi tezletedi. Zan' wori'nlari'nan a'dillik tappag'an Biybiraba wo'zin aldasti'ri'p ashshi' ko'lge aparg'an jerde Temirxandi' wo'ltiredi. Berdashqa «Jazasi'n» beriw ushi'n Tasqaladag'i' kabinetine kirip barg'an da, Biybirabani' ati'p wo'ltiredi. Wo'zinshe jolsi'z ketken Biybiraba tubalawshi'li'q da'wirinin' qurbani' boldi'. Biybiraba obrazi' jazi'wshi'ni'n' romandag'i' tutqan poziciyasi'n ani'q ko'rsetip turadi'.

Biybiraba jawi'zli'qqa qarsi' jawi'zli'q penen juwap beredi. «Qudani'n' qi'lg'ani'na qayi'l bolmayman!!! -Sen aytqanday «Jamanni'n' wo'zi qudaydan tappaydi', woni' qudaydan wo'zim tapti'raman!» (476-bet)

«Bul waqi'yalar arqali', a'lbette, jazi'wshi' wo'z woqi'wshi'lari'na «Sag'an dushpanli'q islegen adamlardi' wo'ltirip ti'n» degen pikirdi usi'nbaydi', al ha'ddinen asqan jawi'zli'qti'n' barqulla wonnanda arti'q qarsi' jawi'z ku'shti payda yetedi degen ideyani' keltirip shi'g'aradi'»

Sazurg’an obrazi’nda ma’n’gu’rlik psixologiyasi’na qarsi’ sanali’ qaharmanni’n’ xarakteri beriledi. Woni’n’ balalarg’a ta’n psixologiyasi’nda A’mirxanni’n’ kelbeti sali’sti’ri’li’p beriledi. G’ap-g’arri’ starik-g’o, saqal-murti’n jibersin bizin’ ag’amni’n’ shapani’n, si’rti’ shu’berek ti’sli’, ju’nli wo’skin malaqayi’n kiysin, belin bizin’ ag’amday yetip, shu’berek belbew menen buwsi’n tap bizin’ ag’amnan da g’arri’ boli’p ko’rinedi sonda! (547 bet)

Kishi mektep jasi’ndag’i’ bala boli’wi’na qaramastan, ko’p na’rsenin’ parqi’na baradi’ Tursi’n yemes ayi’pti’ wo’zi islegendey qi’pi’li’qlap ju’redi, u’yinen shi’qpawg’a ji’raqlasi’wg’a asi’g’a beredi. Biz woni’n’ wo’z milletinin’ ali’p kiyati’rg’an jaqsi’ estetikali’q, etikali’q normalari’n aldi’nnan boljay alatug’i’nli’g’i’n ko’remiz Sazturg’an wo’z shan’arag’i’ni’n’ to’men awhali’n yen’ da’slep wo’z a’kesinen ko’redi. Woni’n’ arsi’zli’g’i’na jani’ ashi’ydi’. DOSAAFta alti’ ayli’q shoferli’q woqi’wdi’ woqi’p pitkeredi de a’kesi jali’nsa da A’mirxanni’n’ «jumi’si’na» barmaydi’. Aqi’ri’, shi’damag’an bala: «Sennen an’go’dek adam joq ag’a, …-Sen bilmeysen’, apam qi’zi’ni’n’ da’rtine shi’damay wo’zin Aqtubag’a taslap wo’lgen!»-dep u’yden shi’g’i’p ketedi. Jazi’wshi’ bul da’wirde ma’n’gu’rler menen birge sanali’lardi’ qarama-qarsi’ su’wretlew arqali’ da’wirdin’ a’hmiyetli ma’selelerin ko’teredi. Insan wo’zinin’ qa’dir-qi’mbati’n asi’rap ar-nami’si’n qorg’ay biliwi kerek degen ideyani’ alg’a qoyadi’. Romandag’i’ Sazturg’an apam menen a’japamni’n’ ja’llati’ni’n’ u’yinde telmen’letip qoymayman, sa’l-pa’l shi’day tur, ali’p ketemen dep u’yden shi’g’i’p ketiwi bul pikirimizdin’ da’lili boladi’.

«Milliy xarakter ja’miyettin’, waqi’tti’n’ wo’zgeriwi, sol millettin’» siyasiy ekonomikali’q jag’dayi’ni’n’ wo’zgeriwi menen udayi’ wo’zgerip, jan’ari’p woti’ratug’i’n kategoriya. Wol aldi’n’g’i’ ideyani’ boyi’na sin’irip, alg’a rawajlanadi’, jetilisedi»[1]-degen yedi filologiya ilimlerinin’ doktori’ S.Bahadi’rova.

Biraq, biz romanda ja’miyet wo’zgergeni menen wo’zinin’ psixologiyasi’n wo’zgerte almay wo’lip ketken adamlardi’ da ko’remiz. Ma’selen, jazi’wshi’

[1] Баҳадырова С. Роман ҳәм дәўир. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978, 66-б.

Ma’wlen sari’, Berda’mbet ha’m basqa da yelde socialistlik ja’miyet quri’wg’a belsene qatnasi’p son’g’i’li’g’i’nda qorlang’an, mazaq yetilgen adamlardi’n’ obrazi’n jarati’w arqali’ sol da’wirdegi ideologiyali’q siyasatti’ a’shkaralaydi’. Wolar haqi’yqatli’q ushi’n ayti’si’p a’dillik tappay wo’liwge ma’jbu’r boladi’.

Nurlepes, Na’zigu’l, Jumagu’l-Jumash, Nurqasi’mlar turg’i’nli’q da’wirinin’ qurbanlari’. Insani’yli’q huqi’qi’ ayaq-asti’ yetilip, wo’mirdin’ ag’i’si’nda ketken janlar. Wo’mirde maqsetsiz, jolsi’z ketip woylanbay ketken da’wir do’retken ma’n’gu’r adamlar boldi’. Bul obrazlar Sh.Aytmatovti’n’ «Boranli’ ba’ndirgi» («A’sirge tati’rli’q bir ku’n») romani’ndag’i’ Qazanqapti’n’ balasi’ni’n’ obrazi’na jaqi’n. Biraq Nurlepes, Na’zigu’l, Jumashlar insani’yli’q qa’siyetlerge iye boli’wi’ menen wonnan aji’rali’p turadi’. Nurlepes bolsa wo’mirinin’ son’g’i’ ku’nlerinde wo’zin wo’zi an’law qa’siyetine iye boladi’.

A’mirxan, Jerdash, Aybo’rekler iplasli’q, miyrimsizlik, jawi’zli’q, arsi’zli’qti’ wo’z boyi’na ja’mlewi menen woqi’wshi’ni’n’ yadi’nda uzaq saqlanadi’. A’mirxan, Jerdash qusag’anlar insan wo’mirin «oyi’nshi’q» yetip ba’sekege tigedi. Bul da’wirdegi jawi’zli’qlardi’n’ kelip shi’g’i’wi’na usi’nday jawi’z adamlar sebepshi boldi’. Bul u’sh obrazda jawi’zli’q, nami’ssi’zli’q bir-birinen wo’tkerilip sa’wlelendirilgen. A’mirxan hayal-qi’zlardi’n’ ar-nami’si’na tiyip qorlasa, Aybo’rek Jerdashti’ A’mirxannan wozdi’ri’w ushi’n ha’r qanday ipla’sli’qlardi’ islewden bas tartpaydi’. Al, Jerdash A’mirxandi’ wo’z balasi’ menen baja yetiwge deyin bari’p, qi’zlardi’n’ ta’g’dirin ba’sekege tigedi. Jazi’wshi’ wolardi’n’ ha’r bir ha’reketin, psixologiyasi’n g’a’zep penen a’shkaralap, shegine jetkerip su’wretleydi.

A’mirxan, Jerdashlar tubalawshi’li’q da’wirdegi ha’meldarlardi’n’ tipik obrazi’. Bunday ipla’sli’qlardi’ biz K.Raxmanovti’n’ «Aqi’bet» romani’nda Taspolatti’n’, A.A’bdievti’n’ «Jin-ji’pi’rlar uyasi’» romani’nda mektep direktori’nni’n’ obrazlari’nda da ko’remiz. Bul shi’g’armalarda ma’mleket ta’repinen qoyi’lg’an basshi’lar hayal-qi’zlardi’ tabanda duwalaydi’. Lekin, wolarda Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’ndag’i’day to’sek

ma’selesi ko’p wori’nlarda ken’ tu’rde berilmegen. Haqi’yqattan da, romanda du’kanshi’ qi’zlardi’n’ derlik barli’g’i’ni’n’ buzi’qli’qti’n’ joli’na tu’skenligin ko’remiz (Worazgu’l, Ken’esgu’l, Aybo’rek, Gu’lara, Sa’nemgu’l, A’shirepi, ha’m tag’i’ basqa obrazlarda). Bul romanda hayal-qi’zlar obrazi’ni’n’ sa’wlelendiriliwi a’debiyashi’ ali’mlar wortasi’nda talasli’ pikirlerdi keltirip shi’g’adi’. Q.Sultanov «Prozama yaki basqa ma?» maqalasi’nda romandag’i’ ja’miyetlik turmi’sti’n’, hayal-qi’zlar obrazi’ni’n’ beriliwin: «Qaraqalpaq qi’zlari’ni’n’ sewgi-muhabbati’ hesh qashan ayaqti’n’ asti’na basi’lmag’an woni’n’ qa’dirin biletug’i’n adamlar ko’p. Joqari’da ati’ atalg’an shi’g’armada qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ni’n’ sewgi muhabbati’n qorlawg’a qarati’lg’an.

«Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» kitabi’nda bunnan basqa da adamdi’ renjitetug’i’n paytlar ko’p»-dep romanda basqa tilden kirgen so’zlerdi ko’rsetedi de shi’g’armani’ pu’tkilley biykarlap taslaydi’. Tap usi’g’an uqsas pikirdi A.Pazi’lovti’n’ «Kempir tiri bolg’anda ma... Jazi’wshi’ bir mush jer yedi» maqalasi’nda da ko’remiz.

Negizinde, biz bul pikirler menen keliskimiz kelmeydi. «Awi’rdi’n’ u’sti, jen’ildin’ asti’» menen ju’rgen qi’zlari’mi’z ha’zirgi da’wirde de ushi’raydi’. A’debiyat xali’qti’n’ aynasi’ yeken turmi’stag’i’ jetiskenlikler menen birge kemshiliklerdi de sa’wlelendirip bari’wi’ tiyis. Soni’n’ ushi’n da biz qaraqalpaq xalqi’ni’n’ qa’dirin bilmeytug’i’n adamlar usi’lay isleydi dep shi’g’armani’ putkilley biykarlawi’mi’zdi’n’ hasla keregi joq. Shi’g’armadag’i’ bunday wori’nlardi’ f.i.k. P.Nurjanov jazi’wshi’ni’n’ bati’s a’debiyati’nan alg’an ta’sirleri si’pati’nda bahalaydi’ da bul romandi’ absurdli’q sharayatti’ ashi’q-aydi’n su’wretlegen birden-bir shi’g’arma si’pati’nda ta’n aladi’. Al, J.Yesenov: «Romanda qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ni’n’ qorlani’wi’na, nami’si’ni’n’ ayaq-asti’ yetiliwine sebepshi boli’p ati’rg’an A’mirxan, Jetkergen usag’an aqshani’n’ puwi’na semirgen nami’ssi’z, qati’npuri’sh yerkeklerdin’ is-ha’reketleri wolarg’a jol ashi’p berip qoyg’an ja’miyetshiliktin’ geypara toparlari’ ayawsi’z a’shkaralanadi’. Shi’g’armada worazgu’ldi de, A’shirepini de, Tursi’ndi’ da,

ha’tteki, wo’zinin’ nekeli hayali’ Ubaydani’ da jalatayli’q, zorli’q puldi’n’ ku’shi menen duwalap qoyg’an A’mirxan yemes pe? Asti’-u’stine tu’sip joli’nda ma’jbu’riy payandoz bolg’an worazgu’ldi de A’mirxan satqi’nli’q yetip qamati’p jibergen joq pa?

Conda hayal-qi’zlardi’ qorlawshi’ jazi’wshi’ ma, yamasa A’mirxang’a uqsas turmi’stag’i’ wo’zlerimiz ko’rip ushi’rati’p ju’rgen insapsi’zlar ma?» dep wori’nli’ soraw taslaydi’. Maqalani’n’ aqi’ri’na taman romanda to’sek qatnasi’n su’wretlewde tildin’ shubarli’g’i’nan renjitetug’i’n na’rseler de joq yemes degen pikirlerdi aytadi’. J.Yesenovti’n’ bul pikirlerin toli’g’i’ menen maqullawg’a boladi’. Haqi’yqati’nda da, romanda du’kanshi’ qi’zlardi’n’ barli’g’i’ A’mirxanni’n’ «qanati’ni’n’ asti’nan» shi’qqan. Bul wori’nlardi’ woqi’p woti’ri’p hu’jdanli’, diyanatli’ ayi’ri’mlari’ arasi’nan tabi’li’p qali’wi’ mu’mkin yemes pe?-edi degen sorawlar tuwi’li’wi’ ta’biyiy.

No’kerbay, Siysen, Turdi’baylar bolsa, da’wir do’retken adamlar. Romanda da’wirdin’ tariyxi’y sharayati’, xali’qti’n’ turmi’si’, yelde ju’rgizilip ati’rg’an ideologiyali’q siyasat, a’hmiyetli mashqalalar, Aral apatshi’li’g’i’ ha’m tag’i’ basqa da si’patli’ waqi’yalar usi’ qaharmanlar obrazlari’ arqali’ beriledi. Wolar ishiwshilikke berilip ketkeni menen, da’wirdin’ tragediyasi’n ji’rlaytug’i’n adamlar. Mi’sali’, Turdi’bay shayi’rdi’n’ «Qaraqalpag’i’m» qosi’g’i’n alayi’q:

Patsha awi’li’n beton menen qorshag’an,
Jayi’n salar gerbish a’kep Shorshadan,
Ayi’rmasi’ bolmay qaldi’ Polshadan,
A’wliyen’e bek bol qaraqalpag’i’m.

Avtor da’wir haqi’yqatli’g’i’n su’wretlewde realistlik principke tiykarlani’p ma’mleketlik siyasattag’i’ ku’nnin’ a’hmiyetli ma’selelerin qi’psalamastan qaharmanlardi’n’ tilinen ani’q beredi. A’sirese, jazi’wshi’ dialogtan qaharman xarakterin milliy wo’zinshelikti ashi’wda tiykarg’i’ qural retinde paydalandi’. Wo’zinin’ psixologiyasi’nda du’nyag’a woy juwi’rtadi’.

-Ne de bolsa Ha’miwdin’ ayag’i’n Sezdtin’ qarari’na kirgizdi! ...

-Ne dep!

-U’lken sali’gershilik bazasi’ bolsi’n dep-da’!

Ne degen tog’ay bar yedi, mi’naw turg’an Samanbay bir ji’lda zi’m-zi’ya boldi’ ma, boldi’...

-Gazetti ku’nde woqi’y bersen’, ku’nde maqtala bersen’ wo’zin’ de abaylaysan’!

-Ne dep maqtapti’ sonda! ...Wolar ta’biyat penen qaharmanlarsha ayqasi’p, bul ayqasta aqi’ri’ jen’impaz shi’qti’ da qaysar ta’biyat insan qu’diretine bas iyip g’ana qoyg’an joq depti gazette (156-bet).

Dialogta sol da’wirdegi ja’miyetlik turmi’sta belgili wori’n iyelegen ta’biyatti’ adamg’a boysi’ndi’ri’w siyasati’ni’n’ awi’r aqi’betin bergen.

Qi’zketkennin’ bir tarmag’i’ bolg’an Aqtubani’n’ ko’miliwi menen bul buzg’i’nshi’li’qlar, zorli’q-zombi’li’qlarg’a da, shek qoyi’li’p, yelde qayta quri’w samallari’ yese baslaydi’. Jaman shi’g’anaqtag’i’ aqpay qalg’an porsi’g’an wo’liklerge toli’ Aqtubani’ su’wretlew arqali’, jazi’wshi’ pu’tkil ma’mlekettin’ tariyxti’n’ bir da’wirinde tubalap, «bir wori’nda tepsinip turi’p qalg’an» ji’nayatshi’li’q ku’sheygen ma’mlekettin’ kelbetin ko’z aldi’mi’zg’a yelestedi Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba ja’miyettin’ ruwxi’y azg’i’nli’g’i’ni’n’ ti’msali’.

Sh.Seytov «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda 50-90-ji’llar arali’g’i’ndag’i’ da’wirdin’ ja’miyetlik, socialli’q, ekonomikali’q turmi’si’n, sol da’wirdin’ mashqalalari’n wo’zine sin’irgen obrazlardi’ sa’wlelendiredi. Insan ha’m ja’miyet arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qti’n’ ko’rkem sheshimin beriwge ha’reket yetedi. Romanda wo’mirdegi jawi’zli’qqa, zorli’qqa qarsi’ miyrimlilik, a’deplilik, muhabbat, adamgershilik qa’siyetlerdi uli’g’lap, uli’wma adamzatli’q ideyalardi’ sa’wlelendiredi.

## II bap. Sh.Seytovti'n' «Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'nda qaharman psixologiyasi'ni'n' evolyuciyasi'.

### II.1. Milliy romanshi'li'g'i'mi'zdag'i' ko'rkem psixologizmnin' ayi'ri'm ilimiy teoriyali'q ma'seleleri

Gumanist jazi'wshi'ni'n' shi'g'armada go'zleytug'i'n maqseti-adam xarakterin wo'mirdin' ha'r tu'rli jag'dayi'nda qarasti'ri'p, adamgershilik seziminin' pa'kligine ma'ni beriwden ibarat. Psixologiyali'q analizlew adamni'n' ishki du'nyasi'n toli'q qamti'p, jeke wo'zine izertlew ju'rgizip, pu'til ruwxi'y wo'zgerisin jan-jaqli' ashi'wg'a negizlenedi.

Psixologiyali'q tallaw qaharman psixologiyasi'n sa'wlelendiriwdin' analitikali'q (qaharmanni'n' woyi' menen seziminin' ag'i'mi'n sa'wlelendiriw), dinamikali'q (adamlardi'n' ruwxi'y du'nyasi'n ha'reketleri menen qi'ymi'l-qozg'ali'si' arqali' ashi'w) principleri arqali' g'ana ju'zege asi'ri'ladi'. Psixologiyali'q tallaw a'debiyattag'i' adam xarakterin jarati'wdi'n' yen' uti'mli' usi'li'. L.N.Tolstoydi'n' shi'g'armalari'n tallay woti'ri'p «jan dialektikasi'», «insani'yli'q sezim tazali'g'i'» degen terminlerdi birinshi ret N.G.Cherni'shevskiy usi'g'an su'yenip qollang'an bolsa kerek.

Qaraqalpaq prozasi'nda usi'nday ko'rkem psixologiyali'q su'wretlew usi'llari' 30-ji'llarda M.Da'ribaevti'n' «Mi'n'lardi'n' biri», A.Shamuratovti'n' «Eski mektepte», N.Da'wqaraevti'n' «Internatta» si'yaqli' povest ha'm gu'rrin'lerde, al son'i'nan I.Yusupovti'n' «Seydan g'arri'ni'n' gewishi», J.Aymurzaevti'n' «Kelin» gu'rrin'lerinde wo'zinin' yen' jaqsi' ni'shanlari' menen ko'rinse de qaharman xarakterin teren'nen ashi'p ko'rsetiw 50-ji'llardi'n' aqi'ri' 60-ji'llardi'n' da'slepki ku'nlerinen baslap ku'shli rawajlani'w joli'na tu'sti. Usi' ji'llari' do'retilgen T.Qayi'pbergenovti'n', Sh.Seytovti'n', S.Saliev, U.Pirjanov, Q.Kamalov ha'm 70-ji'llardan keyin K.Raxmanov, B.Aymuxammedova, D.Sherniyazova si'yaqli' birneshe jazi'wshi'lari'mi'zdi' do'retpeleri a'debiyatshi' ilimpazlari'mi'zdi'n', kritiklerimizdin' tilinde geyde «liriko-psixologiyali'q», geyde «psixologiyali'q» prozani'n' u'lgisi si'pati'nda bahalani'p kelmekte.

Qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde ko’rkem psixologizm ma’selesi f.i.k J.Yesenov ta’repinen arnawli’ u’yrenildi. Sonday-aq, bul bag’dar du’nya ju’zilik a’debiyattani’w iliminde M.B.Xrapchenko, Bezrukova, M.Baxtin, S.Bogarov, A.Iezduitov, V.Voronova, A.Esin, ta’jik a’debiyati’nda Nabiev, wo’zbek a’debiyati’nda X.Umurov, Ch.Niyatov ha’m basqa da ilimpazlardi’n’ miynetlerinde so’z yetildi.

Biz bul bapta Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda qaharman psixologiyasi’n evolyuciyasi’ tuwrali’ so’z yetemiz. Sh.Seytov prozada bayanlaw texnikasi’n men’gergen sheber jazi’wshi’. Jazi’wshi’ni’n’ ha’r bir qaharmanni’n’ ha’reketin, qi’ymi’l-qozg’ali’si’n sheber bayanlawi’ sonday, wolar tap kino lentasi’ndag’i’day ko’z aldi’mi’zg’a yeleslep ketedi. Sonli’qtan da rus kinoscenaristi D.Xolendro: «Sh.Seytovti’n’ shi’g’armalari’n woqi’p woti’ri’p wobektivti nege qarati’w kerekligin ba’rhama ko’rip woti’rasan’[1]»-degen pikirdi aytadi’. Al a’debiyatshi’ ali’m J.Yesenov «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda qaharmanlardi’n’ minez-qulqi’n woqi’wshi’larg’a ta’sirli yetip jetkeriwdegi jazi’wshi’ni’n’ sheberligin ayta ketip, bul romanda kinoscenariyge, videofilmge qolayli’ kartinali’q ko’rinisler basi’m degen yedi.

Haqi’yqati’nda da, Sh.Seytovti’n’ tutas bir pu’tin do’retiwshiligi qaraqalpaq prozasi’n psixologiyali’q su’wretlewler, lirizm menen tu’rlendirdi. Sonli’qtanda, jazi’wshi’ni’n’ do’retiwshiligi ko’plegen ali’mlari’mi’zdi’n’ di’qqati’n wo’zine qaratti’.

Sh.Seytovti’n’ prozasi’n turmi’s shi’nli’g’i’n su’wretlewdegi, ko’zge tu’sken sheberligi woni’n’ si’rlari’ professor Q.Maqsetov[2], Z.Nasrullaeva[3], K.Ma’mbetov[4] ha’m tag’i’ basqa ali’mlardi’n’ miynetlerinde so’z yetildi.

«Tariyxti’n’ jamanshi’g’anag’i’nda aqtubami’z, tubalag’ani’mi’zdi’ da, aqlaymi’z». Mine, Sh.Seytovti’n’ biz so’z yetip ati’rg’an «Jaman shi’g’anaqtag’i’

---

[1]

[2] Мақсетов Қ. Реализм менен толы дөретпе//«Әмиўдәрья»,1984, №6

[3] Насруллаева З. Проблема типа и характера советской каракалпакской прозе. Нукус: «Каракалпакстан» 1984, 40-б.

[4] Мәмбетов К. Прозадан изленген соқпақ//«Әмиўдәрья», 1970, №3.

Aqtuba» romani’ndag’i’ qaharman tilinen ayti’lg’an bul ga’plerde teren’ turmi’sli’q shi’nli’q jati’r ha’m bul tariyxi’y shi’nli’q romandag’i’ qaharmanlar psixologiyasi’nda «o’shpes iz»in qaldi’radi’. Soni’n’ menen birge, bul qatarlar usi’ do’retpenin’ negizgi ideyali’q, tematikali’q bag’dari’n ani’qlap ali’wg’a da ayi’ri’qsha ja’rdem beredi.

## II.2. Qaharman psixologiyasi’n ashi’wda dialog, monolog ha’m ko’rkem detallardi’n’ tutqan worni’.

Tariyxti’n’ bir jamanshi’g’anag’i’ndag’i’ xali’qti’n’ turmi’si’ da, psixologiyasi’ da da’wirine say boladi’. Romandag’i’ ha’r bir qaharmanni’n’ xarakteri, psixologiyasi’ bizge usi’ pikirdi uqti’radi’. Jazi’wshi’ romanda tragediyag’a ushlasqan adamlar wo’mirinin’ dialektikali’q qubi’li’si’n ayni’tpay, ta’biyg’i’y su’wretlewde psixologiyali’q su’wretlew usi’llari’nan uti’mli’ qollang’an. A’mirxan xarakterine ta’n qa’siyetlerdin’ qa’liplesiwi de tipik sharayat penen ti’g’i’z baylani’sta ali’p su’wretlendi. Woni’n’ monologi’na di’qqat awdarsaq:-Menin’ sistemam!-dep maqtanadi’ ishinen wo’zine-o’zi A’mirxan. -Bul xanlardan qalg’an sistema! Qati’nlardi’n’ birine-birin qarawi’l yetip qoyi’ppan, bulardi’n’ ba’ri usi’ du’kanni’n’ iytleri. Usi’ du’kanni’n’ nami’si’n qorg’aydi’. Usi’lar saw tursa ko’reyin qa’ne menin’ du’kani’mda zat bolmag’ani’n! Menin’ du’kani’m ma  ko’z alartqani’n ko’reyin OBXS i’n’ ba, redakciyan’ ba, kele bersinA’ ...Bular menin’ waqti’ xoshli’g’i’m, jaw-jarag’i’m, da’wletim, qullasi’ barli’g’i’m! (7-bet). Degen menen, 50-ji’llardag’i’ bir-birinen qorqi’p, jaltaqlap, jalbi’raqlaw qa’siyetlerden A’mirxan da awlaq yemes yedi. Berda’mbet sa’rkardag’a jalbi’raqlawi’ «o’zin wo’lerdey jaman ko’retug’i’n, na’ha’nlerge wog’ada abi’royli’ bul adamni’n’ wo’zin sensiregenine» quwandi’. Sebebi, Berda’mbet jaqsi’ ko’retug’i’nlari’na g’ana sensireytug’i’n yedi. Sonday-aq, Jerdashti’ «oqi’ti’wda» da sawda xi’zmetkeri degen bul-uri’ dep No’ker, Siysen, Ta’n’irbergen qusag’anlardi’ u’yine ji’ynay bermewdi, saq boli’w kerek yekenligin yeskertedi.

Adamni’n’ psixologiyali’q keshirmeleri wo’zgermeli qubi’li’s. Insani’yli’q sapani’n’ ko’rinisi de ha’r qi’yli’ boli’p keliwi usi’nnan. Jazi’wshi’ qaharmani’n xarakter retinde qa’liplestiriwdi maqset yetse, woni’n’ ishki du’nyasi’ni’n’ keshirmelerine, sezimlerine ta’n belgilerin saqli’q penen baqlap sheber sa’wlelendirip beriwi za’ru’r. Sebebi, psixologiyali’q jag’day adamnan bir minut aji’ralmay, yen’ na’zik dene mu’shelerinin’ xi’zmetine deyin ani’q sezdirip, si’rtqi’ wortali’qqa xabar berip turatug’i’n qu’diretli qubi’li’s.

Jazi’wshi’ Sh.Seytov ha’r bir qaharmani’nda usi’nday qa’siyetlerdi sheber su’wretleydi. «-Mi’naw Jerdash inimiz boladi’, jigitlerdi zeriktirtpe men de qi’rg’a shi’g’i’p qalayi’n, maqul ma Jerdash! -Jerdash bayg’us ne desin, iyegin yeksheytti-da’, biraq u’ki ko’zi A’mirxang’a negedur jeksuri’nli’q penen bejireydi, ishinen: ha’s seniyy! dep gijingenge usaydi’» (32-bet). Jerdashti’n’ usi’ waqi’ttag’i’ ashi’w aralas qi’zg’ani’sh sezimleri beriledi. Biraq, ila’jsi’zdan woni’n’ aytqani’na ko’niw kerek. Sebebi, A’mirxan wo’zinen «u’stem» Jerdashti’n’ A’mirxan bolmasa ku’n ko’risi qi’yi’nlasadi’. Romandag’i’ waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’ bari’si’nda Jerdash penen A’mirxan arasi’ndag’i’ qari’m-qatnas suwi’p ara uzaqlasadi’. Du’kandag’i’ zatlardi’ «urlap» sati’p wo’rtep jiberedi. Qarawi’lli’q jumi’si’n jaqsi’ wori’nlamadi’ dep Jerdashti’ u’sh ku’n qamati’p qoyadi’. Keyin jan’adan salg’an du’kang’a shaqi’rmaydi’. Bug’an Aybo’rektin’ ashi’wi’ keledi. Aybo’rek Jetkergen menen tani’sqannan son’, A’mirxannan woni’n’ ku’shli yekenligi bilip, wonnan wo’sh ali’wdi’ woylay baslaydi’. Wo’zi Jetkergennin’ du’kani’na du’kanshi’ boli’p, ku’yewi Jerdashti’ qarawi’l yetip wo’tkizedi. Yendi buri’ng’i’ «qol bala» bolg’an Jerdashti’n’ psixologiyasi’ni’n’ wo’zgergenligin an’laymi’z. Ja’ne woni’n’ menen Jerdash du’nya jari’sti’radi’. A’mirxan menen Jerdash arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’q ba’sekege ali’p keledi. Wolardi’n’ dialoglari’ romanda konfliktlerdin’ dramali’q momentlerin ku’sheytiw maqsetinde sheber isletiledi.

«Qaraqalpaq prozasi’nda qaharmanlardi’n’ wo’z ara so’ylesiwleri wolardi’n’ xarakterin psixologiyali’q planda ali’p su’wretlewde yen’ basli’ xi’zmet atqarmasa

da, bular shi’g’armalarda qollani’lg’an basqa da psixologiyali’q analizlew usi’llari’na ja’rdemshi si’pati’nda jazi’wshi’lar ta’repinen jiyi-jiyi qollani’latug’i’n yedi»

Al, Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda dialoglar psixologiyali’q xi’zmet atqaradi’. Qaharmanlardi’n’ wo’z ara so’ylesiwlerinen wolardi’n’ psixikasi’n an’lay alami’z. A’mirxanni’n’ ba’sekelesinen «dizimnen wo’tkeretug’i’n» adami’n yesitkendegi jag’dayi’, awhali’n woni’n’ sorawli’ ga’pinen an’laymi’z bunda jazi’wshi’ waqi’yani’ si’rttan bayanlamastan waqi’yalardi’ rawajlandi’ri’wshi’ konflikttin’ turmi’sshan’li’g’i’ menen beredi.

No’ker, Siysen, Turdi’baylar arasi’ndag’i’ dialoglar da psixologiyali’q funkciya atqaradi’. Dialogta da’wir haqi’yqatli’g’i’ menen No’kerdin’ haqi’yqatshi’lli’g’i’ tuwri’ so’zliligi, Turdi’bay shayi’rdi’n’ zamani’na bag’i’p so’ylewi, qorqi’p wo’zi basi’ni’n’ amanli’g’i’ ushi’n ti’ri’si’wi’n ko’rsetedi:

-Aqi’lli’ bolg’anda bular yeshek penen yeshkini qurta ma, jurtti’n’ si’yi’ri’n qurta ma? Wo’zin wo’zi go’sh penen, su’t penen ta’miyin yetip woti’rg’an jurtti’n’ bari’n si’pi’ri’p ali’p ati’r, a-aaal, yendi bul jurtti’ kim ta’miyinleydi? YA meniki qa’te me, Turdi’bay shayi’r?

-Men tilimnen tawi’p ju’rgen adamman. Men bul ga’pti yesitkenim joqpan, bilmeymen? Meni tag’i’ U’shqudi’qqa jibergin’ kelmese qani’mdi’ qi’zdi’ra berme, No’ker Niyazovich, men sendey yemespen, menin’ bala-shag’am bar (157-bet).

Jazi’wshi’ dialoglar arqali’ qaharmanlardi’n’ ishki du’nyasi’n, wo’mirge ko’zqaraslari’n konkretlestiredi. No’kerbaydi’n’ A’mirxanni’n’ balasi’ni’n’ ipla’sli’n’ isin qosi’q yetip ayti’wi’ arqali’ da qaharmanni’n’ tutqan poziciyasi’n ko’rsetedi. «Zamani’ qanday bolsa, adami’ da sonday» degenindey 50-70-ji’llardag’i’ adamlardi’n’ bir-birnen qorqi’p, gu’manlani’p yaki birine-biri jaltaqlap, birin-biri an’li’p jasawi’ wolardi’n’ ruwxi’y jaqtan azg’i’nlani’wi’na ali’p keldi. Xali’qti’n’ psixologiyasi’ndag’i’ «tubalaw» qaharmanlardi’n’ dialoglari’nda ayqi’n beriledi. Usi’ jag’dayda bilimli, siyasatshi’l qaharmanlar

ko'z-qaraslari'n ko'remiz. Ma'ha'linde ha'mel tutqasi' tuti'p keyin pensiyag'a shi'g'i'p, zamanni'n' bag'i'ti'na bola kimi na'shebent, kimi araqxor bolg'an Ja'limbet, No'ker, Turdi'bay, Palwaniyazlar wo'z zamani' haqqi'nda ayti'p, bul jag'dayg'a ashi'ni'p qaraydi':

-A'ne, aytpadi'm ba, zamani' qanday bolsa, adami' sonday. Bizin' ba'rimiz wo'limtikpiz, zamani'mi'z ha'm wo'limtik, yendi, adami' tirilmey zamani' tirilmeydi, biz ba'rine ko'nip ketkenbiz, biytlep, qurtlap jasay beremiz yendi! Usi'ni' jaslarg'a ayti'p ju'rsek ha'm jaman bolmas yedi-aw, wog'an da ma'rtligimiz jetpeydi! (259-bet).

Bul romandag'i' Ja'limbettin' aytqan so'zinde insang'a degen ayani'shli' sezim bar.

Sh.Seytov bul shi'g'armasi'nda ha'r bir da'wirge say obrazlardag'i' psixologiyali'q wo'zgerislerdi ha'm wolardi'n' jasi'n izbe-iz berip barg'an. Biz joqari'da ayti'p wo'tken Ja'limbet, Ta'jimurat, Turdi'bay si'yaqli' obrazlarda aytarli'qtay psixologiyali'q wo'zgerislerdi ko'rmeymiz. Wolardi'n' talabi' ko'knar yezip woti'ri'p, ko'birek siyasatqa baylani'sli' so'ylesedi buni', a'sirese, Ja'limbet obrazi'nda ko'remiz. Wolar wo'zlerinin' wo'mirin ko'knarsi'z yaki araqsi'z ko'z aldi'na keltire almaydi'. Ha'tteki, Ja'limbet, Ta'jimurat qusag'anlar ko'knardi'n' da'rtine shi'damay wo'lip te ketedi. Al, No'ker menen Siysen bolsa jaslari' a'dewirge bari'p qali'wi'na qaramastan, wo'zlerinin' buri'ng'i' a'deti diywanashi'li'g'i' menen ishiwshiligin toqtatpaydi'. No'ker sawatli', miynetkesh, zamanni'n' bag'dari'n duri's tu'sinedi. Biraq, wol jaslayi'nan urni'qqi'r, araqxorli'g'i' menen tani'ladi' qasi'na Siysendi de qosi'p aladi'. Haqi'yqati'nda da, ja'miyetimizde bunday insanlar topari' ushi'rasadi'. Biz joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey wolardi'n' psixikasi'n kewil keshirmelerin dialoglarda g'ana bilemiz. Jazi'wshi' usi' bag'dar menen da'wir do'retken bunday insanlardi'n' psixologiyasi' arqali' sol ja'miyettegi biybastaqli'qlardi' ashi'p beriwde qollang'an.

-Qudani’n’ qi’lg’ani’na qayi’l bolmayman! -Qi’z baqi’ri’p jiberdi. -Sen aytqanday jamanni’n’ wo’zi qudaydan tappaydi’, woni’ qudaydan wo’zim tapti’raman.

-Zan’ zakoni’ islemegen, duri’si’rag’i’ zan’-zakoni’ puldan a’zzi kelgen hu’ku’wmet,-dep ni’qi’rtti’.

-Bilesen’ be, nege usaydi’, bunday hu’kimette mi’qli’ bolsan’ ku’n ko’resen’, soni’n’ ushi’n ko’zin’nin’ jasi’nan ketsin, sadag’an’, ji’lama (477-bet).

Bul romanda anasi’ menen Biybiraba arasi’ndag’i’ pikirlesiwlerinde ar-nami’stan jurday bolg’an Biybirabani’n’ son’g’i’ sheshimleri yedi. Wol da’slebinde Berdash penen Temirxannan wo’sh ali’wdi’ hu’kimetten izleydi. Biybiraba zan’i’ a’melde iske aspag’an ma’mlekette shara joq yekenligin tu’sindi.

Jazi’wshi’ Biybiraba obrazi’ arqali’ xali’qti’n’ ma’n’gu’rlikten quti’li’p, wo’zin-o’zi an’lawi’n, huqi’qi’n qorg’awg’a umti’li’wdag’i’ ha’reketlerin su’wretleydi. Woni’n’ Temirxandi’ wo’ltiriwinen son’g’i’ ishki dramatizmi, ishki monologlari’ woqi’wshi’da ha’r qi’yli’ sezimlerdi woyati’wi’ ta’biyiy.

«A’debiy do’retpenin’ tilinde monolog ha’m dialoglar qanshelli rol woynasa, poliloglar da u’lken a’hmiyetke iye[1]» Ma’selen, romandag’i’ Nurlepes, No’ker, Siysen wortasi’ndag’i’ Biybiraba tuwrali’ sa’wbetlesiwge itibar qi’lsaq, wolardi’n’ poziciyasi’n biliwimizge boladi’.

-Keldi g’o,-dedi Nurlepes ayi’pli’day salpawi’si’p juwap berdi. -A’y kelgeni quri’si’n qi’zi’ qamali’p ketti, a’tten’, a’ttegenay!

-Haw, haw Siysen-Qi’ynali’p woti’rsan’ ba, Nurlepes ag’a? Adam wo’ltirgen son’ qamalmay ne qi’ladi’?

- Qamalmaw kerek yedi! -No’kerbay basi’n shayqadi’.

-Ne qi’lsi’n sonda, Biybiraba zorli’qqa ko’ne beriwi kerek pe? Wo’sh alg’an a’ndamli’! (532-533-betler)

Bul epizod arqali’ personajlar xarakterinin’ wo’zgesheligin bilemiz. Nurlepes Aytbaydi’n’ da, qi’zi’ni’n’ da qamalg’ani’na wo’zin ayi’pker sezip, ishten

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент: «Ўқитувчи», 2002, 177-б

qi’ynali’p aytsa, Siysen hesh na’rsege tu’sinbesten qamalg’ani’ duri’s dep aytadi’. Al, No’ker wo’z da’wirinin’, woni’n’ siyasati’ni’n’ jag’dayi’n tu’singennen son’ Biybirabani’ qamalmaw kerek yedi dep qarsi’ turadi’.

Sonday-aq, romanda xali’qti’n’ ma’n’gu’rlik psixologiyasi’na qarama-qarsi’ Sazturg’an obrazi’ su’wretlenedi. Da’wir wo’zgeriwi menen bolg’an wo’zgerisler, xali’q sanasi’ni’n’ woyani’wi’ qayta quri’w siyasati’ni’n’ ko’rinisleri Sazturg’anni’n’ obrazi’nda psixologiyali’q planda berildi. A’kesi Nurlepes arasi’ndag’i’ dialog usi’nday si’patqa iye. Sazturg’anni’n’ A’mirxang’a bolg’an jek ko’riwshilik, qa’ha’rli sezimleri seziledi.

Sazturg’anni’n’ psixologiyasi’ndag’i’ wo’zgerislerdin’ payda boli’wi’na sebepshi waqi’ya Tursi’nni’n’ A’mirxannan ha’mledar boli’p, anasi’ Na’zigu’ldin’ barli’q u’mitin pushqa shi’g’ari’p ar-nami’stan jurday yetiwi yedi. Anasi’ Na’zizu’ldin’ wo’limine de sebepshi bolg’an A’mirxan yedi. Jazi’wshi’ qaharman psixologiyasi’ndag’i’ wo’zgerislerdi, jan’a si’patlardi’, da’wirdin’ ruwxi’n beriwde ani’q si’patli’ waqi’yalardi’ tan’lap, sheber su’wretlep beredi. Bul Nurlepestin’ xarakterindegi psixologiyali’q keshirmelerdin’ jan’a tu’s ali’wi’nda da sheshiwshi xi’zmet atqaradi’. Yag’ni’y, Gu’limbaydi’n’ qi’zi’ni’n’ ishten ati’li’p shi’g’i’wi’ Nurlepestin’ A’mirxang’a bolg’an ko’z qarasi’n wo’zgertedi. Sonsha ji’l wo’mirinde «qudayday» isengen A’mirxang’a si’yi’ni’p kelse, usi’ waqi’yadan son’ qi’zi’ Tursi’ndi’ tap sol Gu’limbaydi’n’ qi’zi’ni’n’ worni’na qoyi’p ko’redi de A’mirxannan pu’tkilley tu’n’iledi. Jazi’wshi’ qaharman psixologiyasi’ni’n’ evolyuciyali’q rawajlani’wi’ni’n’ shegine jetiwinde ko’rkem psixologiyali’q analizlew usi’llari’nan uti’mli’ paydalanadi’.

Wo’zbek a’debiyati’nda T.Boboev ishki monologda qaharman wo’zinin’ si’rli’ jasi’ri’n pikirlerin aytadi’. A’dette bunda qaharman turmi’si’ni’n’ yen’ keskin momentleri su’wretlenedi dep yeslew monologi’, talqi’law monologi’, arzi’w monologi’ (monolog worzu) si’yaqli’ tu’rlerge bo’lip qaradi’[1].

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент: «Ўқитувчи», 2002, 175-б.

Sh.Seytov «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda ishki monologlardi’ qaharmanni’n’ ishki ekspressiyasi’n beriw ushi’n qollang’an: «Barayi’n da jayi’na wot bereyin bul haywanni’n’! Ko’p aqsha berip Gu’limbaydi’n’ wo’zine basti’ri’pti’-aw bul dawdi’!»

Romanda Nurlepes g’arri’ni’n’ ishki so’ylewlerindegi A’mirxang’a degen wo’shpenlilik sezimlerinin’ payda boli’wi’ yedi. Lekin, wondag’i’ bul sezim kesh baslang’an yedi.

Jalg’i’z su’yenishi bolg’an Tursi’nni’n’ A’mirxannan ha’mledar boli’wi’ Na’zigu’ldi de aqi’ldan sasti’radi’. «Usi’ u’yge kelmegenimde qi’zi’m bunday biyabi’roy bolmaspedi. Ashtan wo’lip barati’rsa da adam degen wo’zindey adamnan qorlana bermewi, qulli’qti’n’ noqtasi’na basi’i’n sug’a bermewi kerek yedi g’oy wo’zi menen turmay qi’zi’n da iyt jemi qi’ldi’ aw biyshara g’arri’» (556-bet).

Na’zigu’ldin’ usi’nday ayi’plaw formasi’ndag’i’ monologi’nda qaharmanlardi’n’ psixologiyasi’ wolardi’n’ du’nya tani’mi’ ani’q belgilep beredi. Woni’n’ wo’kinishleri, yen’ da’slep g’arri’si’nan tu’n’iliwi, shi’g’armani’n’ ko’terip shi’qqan problemasi’ menen ti’g’i’z baylani’sta ali’ni’p woqi’wshi’g’a wo’midin’ mazmuni’ adamni’n’ wo’mirdegi worni’ haqqi’nda ken’irek woy-pikir ju’ritiwge jeteleydi.

Yelesletiw, tu’s ko’riw si’yaqli’ gallyucinaciyali’q processler arqali’ da qaharman psixologiyasi’ ashi’li’p woti’radi’[1]. Qaraqalpaq prozasi’na bul usi’l Sh.Seytov tvorchestvosi’nda g’ana da’wirdin’ xarakterin belgilewshi si’patlardi’ qaharmanlardi’n’ psixologiyasi’ arqali’ beriw ushi’n sheber isletedi. Al basqa ko’pshilik jazi’wshi’lar do’retiwshiliginde bolsa psixikali’q awi’ri’w si’pati’nda qollang’an.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda tu’s ko’riw motivinin’ psixologiyali’q xi’zmet atqaratug’i’nli’g’i’ J. YYesenovti’n’ miynetinde g’ana ayti’ldi’.

---

[1] Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986, 92-б.

Wo’zbek a’debiyati’nda T.Boboevti’n’ mi’na pikirleri di’qqatqa i’layi’q: «Tu’s-qaharmandi’ psixologiyali’q jaqtan xarakterlewshi poetikali’q qurallardan yesaplanadi’. Wol arqali’ jazi’wshi’ tiykari’nan, wo’z qaharmanlari’ni’n’ ishki du’nyasi’n, ruwxi’y halati’n arzi’w u’mitlerin ashi’wg’a ha’reket qi’ladi’.»

Biz Sh.Seytovti’n’ qaysi’ shi’g’armasi’n ali’p qaramayi’q, ba’rinde qaharmanlardi’n’ tu’s ko’riw procesi beriledi. «Ko’p yedi ketken ti’rnalar» povestinde Sapardi’n’, «Shi’rashi’lar» romani’nda yesjan g’arri’ menen Ma’hiyda kempirdin’, «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtubada» Jerdash, A’mirxan, Na’zigu’llerdin’ tu’slerinde ko’rinedi.

«Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda Jerdashti’n’ ishki qi’zg’ani’sh, gu’manlani’w si’yaqli’ sezimleri woni’n’ tu’si arqali’ psixologiyali’q jaqtan ashi’p beriledi. Bul psixologiyali’q analizlew usi’li’. Soni’n’ menen birge romandag’i’ keyingi waqi’yalardi’n’ qalay rawajlani’w bag’darlari’nda belgilep, ideyani’ konkretlestiriw ushi’n qollani’ladi’. Sebebi, Jerdashti’n’ tu’sindegi ko’rgenleri keyingi wo’mirdegi ushrasatug’i’n waqi’yalar menen ti’g’i’z baylani’sli’. Ja’ne de Jerdashti’n’ psixologiyasi’na wornasi’p alg’an bir pikir A’mirxannan wo’sh ali’w ha’m woni’n’ u’stinen shi’g’i’w woylari’ tu’sinde ko’rgenlerinde ani’q seziledi.

Sonday-aq, romanda Na’zigu’ldin’ ko’rgen tu’sleri de obrazdi’ individuallasti’ri’wda, woni’n’ keyingi ta’g’dirin belgilep beriwde u’lken xi’zmet atqaradi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda bul usi’ldi’n’ teren’ socialli’q ko’riniske iye boli’wi’n K.Ma’mbetovti’n’ «Tu’rkstan» romani’nda ko’remiz. Jazi’wshi’ni’n’ sheberligi Amanli’qti’n’ tu’si arqali’ ha’m individtin’, ha’m ja’miyettin’ turmi’si’n ashi’p beredi, ha’m shi’g’armani’n’ pu’tkil mazmuni’n usi’g’an baylani’sti’radi’.

Al, biz so’z yetip ati’rg’an «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda qaharmanlardi’n’ ko’rgen tu’sleri ko’pshilik jag’daylarda wolardi’n’ jeke turmi’si’ menen baylani’sli’.

Sonday-aq, romanda psixologiyali’q analizlew usi’li’ si’pati’nda xat formasi’ qollani’ladi’. Biraq xat formasi’ Berda’mbettin’ wo’miri menen baylani’sli’ g’ana

isletiledi. Ma’selen xatti’n’ psixologiyali’q funkciyasi’n talqi’layi’q. Wonda Berda’mbet wo’zinin’ son’g’i’ demdegi ishki da’rtin to’gip salg’an.» Men isengen partiya joq yendi, men isengen hu’kimet joq. Menin’ sonsha ji’lli’q xi’zmetim, demek, gu’lla’n wo’mirim pushqa shi’qti’, yendi jasawi’mni’n’ nege, kimge keregi bar? ...Menin’ wo’mirimdey wo’mirin’iz miywasi’z ha’m push wo’tpegey» (428-bet).

Berda’mbettin’ kewlindegi ji’llar boyi’ uyalap qalg’an ha’m wo’zi sog’an isenim menen jasag’an isenimnin’ jog’ali’wi’ wo’z jani’na wo’zi qastli’q yetiwge sebepshi boladi’. Berda’mbettin’ psixologiyasi’ndag’i’ wo’mirinin’ aqi’ri’ndag’i’ ku’yinish, wo’kinishler da’wiri menen ti’g’i’z baylani’sta beriledi.

Sonday-aq, jazi’wshi’ qaharmanlardi’n’ qi’ymi’l-qozg’ali’si’n su’wretlew arqali’ da wolardi’n’ sol jag’daydag’i’ psixologiyali’q keshirmelerin ko’rsetedi. Qi’ymi’l qaharmanni’n’ ishki du’nyasi’ndag’i’ bizge sezile bermeytug’i’n qarama-qarsi’li’qli’ woy-sezimlerdi, woni’n’ sol jag’daydag’i’ halati’n sol ku’yinde jetkerip beredi. Bul usi’ldi’ qollani’w ha’r bir jazi’wshi’ni’n’ sheberligine, jazi’wshi’li’q ta’jiriybesine g’a’rezli boli’p keledi.

Sh.Seytov qaharmanlardi’n’ qi’ymi’l-qozg’ali’si’n su’wretlew arqali’ qaharmanni’n’ psixologiyasi’n ashi’wdi’n’ sheberi: «Qoli’na uslawdan-aq, Jerdashti’n’ ju’regi uli’-du’rsildi bolg’an g’oy, a’dep ko’zi menen shi’g’i’p barati’rg’an A’mirxandi’ uzati’p bardi’. A’mirxan qapi’ni’ japqan son’ woni’ uzatqan ko’zdin’ qarashi’g’i’ qoldag’i’ woramg’a awi’p dirildedi. Ashi’p jibergeni, sawsaqlari’ni’n’ tuti’wg’a dimari’ qalmay woramdag’i’ aqsha pashka-pashkasi’ menen si’pqanap, qalti’rag’an qollari’nan tors-tors ayag’i’ni’n’ asti’na tu’sip atti’». Bul Jerdashti’n’ aqshani’ ko’rgendegi halati’ buri’n bunday ko’p aqshani’ ko’rmegen Jerdashti’n’ sasqalaqlap yesin joyti’wi’, albi’rawlari’ woni’n’ tap usi’ momenttegi qi’ymi’li’n su’wretlew arqali’ jetkerip beredi.

Ko’rkem psixologiyali’q analizlew usi’llari’ni’n’ bir tu’ri detallar boli’p tabi’ladi’.

«Turmi'sti' tipiklestiriwde woni' ko'rkem obrazli' jetkeriwde, qaharman xarakterinin' qi'rlari'n ashi'wda, shi'g'arma ideyasi'n sa'wlelendiriwde woni'n' emocional ta'sir ku'shin asi'ri'wda ko'rkem detallar ayi'ri'qsha xi'zmet atqaradi'[1]».

Ko'rkem detallardi' sheberlik penen paydalana biliw qaharmanni'n' ishki du'nyasi'n teren'nen ashi'wdi'n' tiykarg'i' usi'llari'ni'n' biri. Sh.Seytov qaharman psixologiyasi'n ashi'p beriwde psixologiyali'q detallardan paydalani'wdi'n' asqan sheberi. Woni'n' «Ko'p yedi ketken ti'rnalar» povestindegi ti'rnalardi'n', «Qashqi'n» povestindegi aq quw, «SHi'rashi'lar» romani'ndag'i' shi'ra detallari' menen, «Xalqabad» romanlari'nda qollani'lg'an detallardi'n' ha'r tu'rli formalari' pikirimizdin' da'lili boladi'.

«Detallar ha'r qi'yli' boladi'. Detal avtor yaki personajdi'n' so'ylewlerinde,peyzaj,portret ha'm basqa da su'wretlewler dawami'nda keltiriliwi mu'mkin»[2]

Wo'zbek a'debiyatshi' ali'mi' U.Normatovti'n' pikirinshe detal degende shi'g'armadag'i' predmet, belgini tu'sinemiz. Biraq,bizin'she, shi'g'armadag'i' ha'r qanday predmetler, belgiler detal bola almaydi'. Detal a'dette ani'q, obrazli' boli'p, tiykarg'i' su'wretlep ati'rg'an wobektti sintezlep ko'rsetiwge xi'zmet qi'ladi'. Detal ko'rkem shi'g'armani'n' kompoziciyasi'nda wo'z worni'n tapqanda g'ana wo'z wazi'ypasi'n wo'tey aladi'. Ko'rkem shi'g'armada detallardi'n' bir neshe tu'rleri qollani'ladi'. Ma'selen: predmetlik detal, psixologiyali'q detal, portretlik detal, obrazli' detal.

Biz so'z yetip ati'rg'an Sh.Seytovti'n' «Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'nda qaharmanlardi'n' ishki du'nyasi'n ashi'p beriwde ko'rkem detallardi'n' sheber paydalang'anli'g'i'n ko'remiz. Romanni'n' atamasi' da detalg'a baylani'sli' qoyi'lg'an. «Aqtubada»g'i' Qi'zketkennen qol u'zip u'stin jap-jasi'l qaplap ketken suwdi'n', qi'si' menen muzi'nda qati'p ati'rg'an iyt,

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари . Тошкент: «Ўқитувчи», 2002, 77- б.
[2] Худойбердиев Э. Адабиётшунosликка кириш. Тошкент: «Ўқитувчи», 2003, 101- б

pi’shi’q, yesheklerdin’ ba’ha’r shi’qqali’ porsi’p ketken  ba’d iyisleri birinshi na’wbette usi’ u’ydin’ wo’jirelerin, a’ywanlari’n jaylatadi’» (341-bet).

«Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» qaharmanlardi’n’ wo’miri menen ti’g’i’z baylani’sta su’wretlenip, tariyxti’n’ bir jamanshi’g’anag’i’nda tubalap qalg’an xali’qti’n’  turmi’si’n, adamlardi’n’ ruwxi’y jaqtan azg’i’nli’g’i’n  ko’rsetedi. Xali’qti’n’ sana-seziminin’, woy-o’risinin’ tubalap qali’wi’, woylanbaytug’i’n ma’n’gu’rge aylani’wi’ ti’nba boli’p bo’linip qalg’an Aqtubani’n’ simvolikali’q obrazi’nda beriledi.

Bul obrazli’ psixologiyali’q detaldi’  paydalani’w arqali’  jazi’wshi’ qaharmanlardi’n’ konkret sol da’wirdegi ishki psixologiyasi’n, qayg’i’li’ turmi’si’n sheberlik penen bere alg’an.

Aqtubani’n’ ko’miliwi ja’miyetlik turmi’stag’i’ wo’zgerisler menen qatar su’wretlenedi. Yag’ni’y, xali’q tubalaw da’wirinen alg’a ilgerilip ja’miyetti qayta quri’wg’a kirisedi. Adamlar da wo’zlerinin’ insani’yli’q haq-huqi’qlari’n tu’sine baslaydi’.

Ko’rkem tvorchestvoli’q ta’jiriybelerdin’ ha’m ilimiy izertlewlerdin’ ko’rsetiwinshe obrazli’ psixologiyali’q detallar shi’g’armada anaw yaki mi’naw variantlarda, yaki sol tu’rinde wo’zgermesten bir neshe ret qaytalani’p woti’radi’ ha’m sol arqali’ ideya qaharman psixologiyasi’ teren’lesip baradi’[1]. Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda Qi’zketkennen bo’linip qalg’an Aqtuba ko’rinisi «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba», «tariyxti’n’ jamanshi’g’anag’i’ndag’i’ Aqtubada» degen so’zler shi’g’armani’n’ birneshe worni’nda qaytalani’p turadi’. Bul shi’g’arma ideyasi’n ashi’w menen birge qaharman xarakterin psixologiyali’q planda sa’wlelendiriwde ayi’ri’qsha xi’zmet atqaradi’.

Jazi’wshi’ qaharmanlardi’n’ psixologiyasi’n da’wir menen ti’g’i’z baylani’sti’ri’p, psixologiyali’q jaqtan ashi’p beriwde obrazli’ psixologiyali’q detallardan wo’nimli paydalandi’.

---

[1] Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986, 59 -б.

Sh.Seytov wo'zinin' do'retiwshilik laborotoriyasi' tuwrali' jazg'an maqalalari'nda qaharman psixologiyasi'n sa'wlelendiriw ha'm tag'i' basqa da sheberliktin' si'rlari'n L.Tolstoy, Sh.Aytmatovlardan u'yrengenligi haqqi'nda aytadi'. Haqi'yqati'nda da, jazi'wshi'ni'n' do'retiwshiligi menen joqari'da ati' ko'rsetilgen jazi'wshi'lardi'n' arasi'nda ruwxi'y jaqi'nli'q seziledi.

Bul haqqi'nda J.Yesenovti'n' «Sheberliktin' si'rlari'» (1986) miynetinde ken' tu'rde so'z yetilgen yedi.

## II.3. Romanda minezlerme, portret ha'm peyzajdi'n' qaharman psixologiyasi'n ashi'wdag'i' xi'zmeti

Qaharmanlardi'n' psixologiyasi'n ashi'wda minezleme u'lken wori'n iyeleydi. A'.Nawayi' aytqani'nday, insan si'rlar g'a'ziynesi yeken, mine, sol insandi' ko'rsetiw woni'n' qatti' ha'reketlerin ruwxi'y du'nyasi'n sa'wlelendiriw xarakter si'rlari'n ashi'w jazi'wshi'ni'n' tiykarg'i' wazi'ypasi'.

Wo'zbek a'debiyati'nda T.Boboev minezlemeni yeki tu'rge bo'ledi: Avtordi'n' minezlemesi ha'm personajlardi'n' bir-birine bergen minezlemeleri.

Eger jazi'wshi' shi'g'arma qaharmani'ni'n' kelip shi'g'i'wi', iskerligi, minezi, a'debi, si'rtqi' ko'rinisine berilgen ha'r qi'yli' si'patlamalar avtor minezlemesi dep ju'ritiledi .

Bunday jag'day bizin' a'debiyati'mi'zda ku'ta' ken' tu'rde taralg'an, jazi'wshi' qaharmanni'n' ishki du'nyasi'n ashi'wda tiykarg'i' usi'llardi'n' biri retinde paydalani'p kelmekte. Al ha'zirgi zaman romanshi'li'g'i'mi'zda jazi'wshi'lardi'n' realistlik obrazlardi' si'zi'wdag'i' tu'rli sheberlik u'lgilerinin' payda boli'wi' bul avtordi'n' minezlemesinen go're qaharmanni'n' wo'zinin' ha'reketi, ishki keshirmelerine jen'dirip bul ma'selege az kewil bo'linip kiyati'r[1].

Avtordi'n' minezlemesi bul romanda qaharmanlardi'n' kimligin woqi'wshi'g'a tani'ti'w jag'daylari'nda wolardi' bir-birine baylani'sli' ali'p sheshedi. Sh.Seytovti'n' bul romani'nda ko'plegen qaharmanlardi'n'

[1] Баҳадырова С. Роман ҳәм дәўир. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978, 140-б.

psixologiyasi'ni'n' ashi'li'wi' dialoglar ha'm ishki monologlar menen ti'g'i'z baylani'sli' yekenligin biz joqari'da ayti'p wo'tken yedik. Biraq romanda Jumagu'l-Jumashti'n' psixologiyasi'ni'n' ashi'li'wi'nda bul usi'llar jetekshi xi'zmet atqarmaydi'. Al, avtordi'n' bergen minezlemesi tiykari'nda woni'n' xarakteri ashi'ladi': «Jumagu'l-Jumash ta woti'ri's turi'si' salaq bolg'ani' menen pul ji'ynawg'a puqta birin yeki, yekisin u'sh yetip shu'berekke tu'yip ju'rgeni. Haw mi'na gerbishin' quyi'lmay qali'p barati'r-g'o! dep jurtti'n' qati'nlari'nday bajalaqlamaydi', ku'nde shi'g'arg'an shamali' i'layi'n yetegin shen'berine ti'g'i'p jiberip, shemirenip ju'rip wo'zi-aq n'uyi'p taslaydi' «Haw g'arri'n'a quydi'rsan'o duyi'm jurtti'n' xi'zmetin islep ju'r, jurtti'n' xi'zmetin yetken wo'zinin' xi'zmetinen qaladi'», degen hayallarg'a da di'm u'ndemeydi, wo'z jumi'si' menen wo'zi boli'p ju're beredi» (70- bet).

Avtordi'n' bul qi'sqa minezlemesi Jumagu'l-Jumashti'n' ha'rakterin ashi'p beredi. Wol a'tirapi'ndag'i'larg'a qi'zi'qpaydi', to'reli so'ylep bilmeytug'i'n patas ju'retug'i'n hayal.

Haqi'yqati'nda da, son'g'i' da'wirdegi romanlarda avtor minezlemesi qaharmanlardi'n' psixologiyasi'n ashi'p beriwde jetekshi xi'zmet atqarmaydi'. Biraq, bul romanda avtordi'n' minezlemesi ko'plegen wori'nlarda qaharmanlardi'n' psixologiyasi'n ashi'p beredi. (Ma'selen, Nurlepes g'arri'ni'n', Na'zigu'ldin' ha'm tag'i' basqa)

Portrettin' jasali'wi' milliy a'debiyatti'n' jasali'w pu'tin rawajlani'w tariyxi'n wo'z ishine aladi'.

Ha'r qanday do'retpede woni'n' ta'sirliligin ku'sheytiw ha'm qaharmanlar haqqi'nda woqi'wshi'da ken'irek tu'sinik payda yetiwde, sonday-aq, wolardi'n' ishki ruwxi'y psixologiyali'q du'nyasi'n ashi'wda da jazi'wshi' portretlik su'wretlewlerdi qollani'wi' so'zsiz. Sonli'qtanda portret-qaharmanlardi'n' si'rtqi' kelbeti, bet pishiminin' g'ana ma'zi si'zi'la sali'ng'an su'wreti boli'p qalmastan, al wol meyli, qa'legen janrdag'i' shi'g'armada da psixologiyali'q xi'zmet atqari'wi' menen a'hmiyetli.

Da’slepki qaraqalpaq romanlari’nda qaharmanlardi’n’ portretin jasawda folklorli’q usi’llardi’ qollandi’. Al, bul jag’day romanda yemes, basqa da janrlarda ushi’rasti’. Shi’g’armadag’i’ qaharman unamli’ bolsa woni’n’ ishki du’nyasi’ menen si’rtqi’ ko’rinisi de go’zzal boli’p sa’wlelendiriledi. Yeger qaharmanni’n’ ishki du’nyasi’ patas bolsa, si’rtqi’ ko’rinisi de ko’riksiz yetip ali’natug’i’n yedi. A.Begimovti’n’ «Bali’qshi’ni’n’ qi’zi’» romani’nda unamli’ qaharman Ayqi’zdi’n’ portreti: «Woni’n’ do’n’gelengen qara ko’zleri menen qarli’g’ashti’n’ qanati’ni’n’ qi’ri’nday qara qaslari’, woymaqtay awi’zi’ sup-suli’w do’n’gelengen aq ju’zi, qolan’ qara shashi’» (115-bet) dep su’wretlenedi. Al usi’ romandag’i’ unamsi’z personaj Sapargu’ldin’ portreti: «Ku’ygen shanashday bu’risken awzi’ni’n’ u’stinde jarbi’yi’p turg’an murni’n keskinsiz awri’qtay bulti’yg’an beti menen salbi’rap turg’an yernin wo’zinin’ kelbetin jan’a g’ana sezgende, ko’zinin’ asti’ menen Ayqi’zg’a ko’zin tikti de tag’i’ aynasi’na qaradi’» (215-bet) dep Ayqi’z benen sali’sti’ri’wlari’nda ko’rsetedi. Al ha’zirgi a’debiyati’mi’zda qaharmanni’n’ si’rtqi’ kelbetin ashi’p beriwde kem-kem bir ta’replemelikten quti’li’p turmi’sti’n’ wo’zine, isenimlilikke ha’m portretlik psixologiyali’q su’wretlewge umti’lmaqta[1]. Sh.Seytovti’n’ «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda qaharmanlardi’n’ portretin si’zi’wda si’rtqi’ ko’rinisi menen birge ishki du’nyasi’na da di’qqat awdari’lg’anli’g’i’n ko’remiz. Biraq romanda bul usi’l qaharman psixologiyasi’n ashi’wda a’hmiyetli wori’n iyelemeydi. Ma’selen, Jetkergenge to’mendegishe portretlik psixologiyali’q si’patlama beredi: Jetkergen murni’ awzi’na iyilgen, qus tumsi’qli’, ko’zi quwsi’yg’an jag’i’nan qarag’anda ta’wir-aq u’lken ko’rinetug’i’n, minezi si’ni’q dawi’si’ wo’lpen’, ko’p wadi’rlamaytug’i’n, tobi’ kishkene g’ana mollasi’maq jigit (126-bet).

Jazi’wshi’ su’wretlep ati’rg’an qaharmani’ni’n’ portreti tuwrali’ usi’nday qi’sqa woni’n’ yen’ xarakterli belgileri tuwrali’ ju’da’ az so’z yetedi. Biraq, biz

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: «Билим», 1994, 164-б.

Jetkergennin’ xaraketleri, dialoglari’nda woni’n’ qanday adam yekenligin tu’sinip bara beremiz.

Ko’rkem psixologizmnin’ tu’rli-tu’rli ko’rinisleri biz so’z yetip ati’rg’an bul romanda wo’zinin’ toli’q sa’wleleniwin tapti’. Wolardi’n’ ha’r biri qaharman xarakterin wo’z woqi’wshi’si’na yele de jaqi’nnan tani’sti’rdi’. Sonli’qtan da, Sh.Seytovti’n’ bul romani’ belgili bir da’wirdin’ ja’miyetlik siyasiy waqi’yalari’n insanni’n’ xarakteri menen baylani’sti’ri’p ken’ tu’rde ashi’p beriwi menen bahali’. Usi’nday ta’repi menen absurdli’q sharayatti’ su’wretlewshi K.Ma’mbetovti’n’ «Hu’jdan» (1991), T.Qayi’pbergenovti’n’ «Ko’zdin’ qarashi’g’i’» (1986), K.Raxmanovti’n’ «Aqi’bet» (1993) romanlari’ menen u’nles ideyani’ ko’terip shi’qqan bolsa da wolardi’n’ arasi’nda parq bar yekenligin ko’remiz.

Biz joqari’da qaharmanlardi’n’ psixologiyasi’ni’n’ evolyuciyasi’n ashi’p beriwde jazi’wshi’ tan’lag’an ko’rkem psixologizmnin’ ko’rinisleri tiykari’nda so’z yettik. A’mirxan, Jerdash, Aybo’rek, Nurlepes, si’yaqli’ obrazlar menen shi’g’armani’n’ basi’nan aqi’ri’na shekem tani’spi’z. Jazi’wshi’ wolardi’n’ jas ma’selesi menen birge xarakterindegi wo’zgerislerdi de evolyuciyali’q jol menen berip barg’an.

Al romandag’i’ Biybiraba, Sazturg’an obrazlari’ tiykari’nda xali’qti’n’ ma’n’gu’rlik psixologiyasi’nan quti’li’w jollari’n ashqan.

## Juwmaq

XX a’sir qaraqalpaq prozasi’ xalqi’mi’zdi’n’ tariyxi’nda iz qaldi’rg’an waqi’yalardi’ ko’rkem su’wretlep beriwde birqansha jetiskenliklerge yeristi. Da’slepki prozali’q shi’g’armalar folklorli’q da’stu’rler menen suwg’ari’lg’an bolsa, keyingi da’wirdegi proza turmi’sti’ ken’ epikali’q planda ha’r ta’repleme su’wretlewde a’dewir jetilisti. Proza tarawi’ tematikali’q jaqtan da, janrli’q ha’m ko’rkemlik jaqtan da bayi’di’.

Ko’rkem shi’g’armani’ bahalawda da a’debiyattani’w iliminde jan’asha bag’darlar qa’liplese basladi’. Yag’ni’y,a’debiyattani’wda da’slepki waqi’tlari’ shi’g’armalardi’n’ ideyali’q mazmuni’ syujet quri’w ma’selelerin analizlep bahalasa, keyingi da’wirde xarakterler jarati’w sheberligine bola talqi’landi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda psixologizmnin’ negizleri folklorli’q shi’g’armalari’mi’z benen klassikali’q a’debiyati’mi’zdan baslanadi’. A’debiyati’mi’zda proza janri’ XX a’sirdin’ 20-30-ji’llari’nda tuwi’sqan xali’qlar a’debiyati’ ta’sirinde qa’lipleser yeken, wonda ko’rkem psixologizmnin’ az da bolsa, qollani’la baslag’anli’g’i’ ko’remiz.

Mine, bular 60-ji’llarg’a kelip qaraqalpaq prozasi’nda ko’rkem psixologizmnin’ qa’liplesiwine tiykar boldi’. Turmi’sti’ psixologiyali’q bag’i’tta su’wretlewge umti’lg’an T.Qayi’pbergenov, K.Raxmanov, S.Saliev, A.A’bdiev, Sh.Seytov ha’m tag’i’ basqa da jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ do’retpeleri jari’qqa shi’qti’. Wolardi’n’ ishinde Sh.Seytov prozada wo’z joli’n tawi’p wo’tken iri tulg’alardi’n’ biri yedi .

Jazi’wshi’ xalqi’mi’zdi’n’ bastan keshirgen a’hmiyetli tariyxi’y waqi’yalardi’n’ gu’wasi’ boli’p jasag’an. Ha’tte, wol wo’mirinde ko’rgen-keshirgenlerine serli boli’p, yad sandi’g’i’nda saqlap qala alg’an. Bulardi’n’ ha’mmesi woni’n’ do’retiwshilik isinde a’hmiyetli boli’p shi’g’armalari’n da wo’z wo’mirindegilerdi negiz yetip alg’an. Degen menen, bunnan woni’n’ shi’g’armalari’nda avtobiografizm basi’m degen juwmaqqa kelmewimiz kerek. Sebebi qaraqalpaq a’debiyati’nda wo’mirnama janri’ yele toli’q ko’rinisin tapqan

joq. Kerisinshe, jazi'wshi' do'retiwshiliginde milliylik ha'm uli'wma insani'yli'q qa'siyetler qari'si'p ketken. Woni'n' ha'r bir do'retpesine usi'nday si'pat ta'n yekenligin ayti'wmi'z kerek. Soni'n' menen birge Sh.Seytov xarakterler jarati'wda bayanlaw texnikasi'n jaqsi' men'gergen.

Sh.Seytov qaharman xarakterin jarati'wda tipik sharayatlardi', detallardi', waqi'yalardi' da duri's tan'lap, sheber bayanlap bere alg'an. A'sirese, qaharman psixologiyasi'n ashi'p beriwdegi izlenisleri, poetikali'q wo'zgesheliklerge qaray umti'li'slari' woni'n' do'retiwshiliginde ani'q ko'zge taslanadi'.

Sh.Seytovti'n' «Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'ndag'i' qaharman psixologiyasi' ma'selesin u'yrene woti'ri'p to'mendegishe juwmaq ayti'w mu'mkin.

«Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'nda suw almalar ja'miyettin' tariyxi'nda boli'p wo'tken xalqi'mi'zdi'n' da'rya tasqi'ni'nday gu'rlep rawajlani'wi'n ko'rsetedi. Romanda bul suw tasqi'ni' xali'qti'n' psixologiyasi' menen ti'g'i'z baylani'sli' ali'ni'p uli'wmalasqan poetikali'q obraz da'rejesine ko'terilgen. Al, Qi'zketkennen bo'linip qalg'an ti'nba suwli' Aqtuba -totalitarizm da'wiri. YAg'ni'y, Jaman shi'g'anaqtag'i' ti'ni'p qalg'an Aqtuba-ti'msalli'q obraz.

Romanni'n' ko'tergen negizgi problemasi'-tubalawshi'li'q da'wirinin' kelbetin ashi'p insandi' uli'g'law, ni'zamsi'z ideologiyani'n' aqi'betin ko'rsetiw, a'shkaralaw. Bul problemalardi'n' ha'mmesi romanda qaharmanlardi'n' wo'z ara so'ylesiwlerinde ayti'ladi'. Ha'r bir qaharmanni'n' ji'ynali'si'p so'ylesiwi bari'si'nda ko'z-qarasi'n, du'nya tani'mi'n ishki du'nyasi'ndag'i' keshirmelerin ashi'p bergen. Demek, jazi'wshi' qaharman xarakterinin' psixologiyasi'n ashi'p beriwde dialoglardan wo'nimli paydalanadi'. Dialoglar, poliloglar[1] bir jag'i'nan shi'g'arma ideyasi'n teren'lestirse, yekinshiden, qaharmanni'n' du'nya tani'mi'n wortali'qtag'i' jag'dayg'a ko'z qarasi'n konkretlestiredi, qaharmanni'n' ishki du'nyasi'ni'n' qandayli'g'i'nan da'rek beredi.

[1] Полилог: Т. Бобоевтың көрсетиўинше үш яки оннан да көп персонажлардың пикирлесиўлери.

Jazi’wshi’ qaharman psixologiyasi’n ashi’p beriwde ko’rkem psixologiyali’q analizlew usi’llari’nan sheber paydalandi’. Wolar monologlar, ko’rkem detallar, peyzajli’q detallar, qi’ymi’l-qozg’ali’si’n su’wretlew, qaharmanlardi’n’ tu’s ko’riwi wo’tkenlerin yelesletiwi, xat jazi’p qaldi’ri’w formalari’ yedi.

Bul usi’llardi’ qollani’wda jazi’wshi’ni’n’ basqa do’retpelerine sali’sti’rg’anda aytarli’qtay wo’zgeshelik joq. Sebebi, jazi’wshi’ prozali’q do’retpelerinde qaharman psixologiyasi’n ashi’wda ishki monologlarg’a ha’m dialoglarg’a ko’birek di’qqat awdaradi’.

Bul shi’g’armadag’i’ basli’ wo’zgeshelik Sh.Seytov qaharman psixologiyasi’ndag’i’ wo’zgerislerdi tariyxi’y waqi’t penen, ma’kan menen ti’g’i’z baylani’sta ali’p qaraydi’. Totalitar siyasati’ni’n’ aqi’betinde insanni’n’ ma’n’gu’rge aylang’anli’g’i’n konkret jag’daylar arqali’ beredi. adamlardi’n’ woylanbastan tek islewge, buyri’qti’ bejeriwge qa’liplesken psixologiyasi’ shi’g’armadag’i’ zi’yali’ qaharmanlardi’n’ tilinen a’shkara yetilip woti’radi’. Bunday ma’n’gu’rlik psixologiya elementleri Nurlepes, Jumagu’l-Jumash psixologiyasi’nda bekkem wornasi’p alg’an. Nurlepestin’ pikirinshe, adamlar jarli’ shan’araqta tuwi’lsa, woni’n’ a’wladlari’na deyin usi’ jag’day dawam yete beriwi mu’mkin. Qulli’q wonday adamlarg’a ma’n’gilikke berilgen. A’tirapi’ndag’i’larg’a qarap woylanbaydi’, «po’lke nanni’n’» tabi’lg’ani’na quwani’p jasay beredi. Sonli’qtan da, usi’nday tu’siniktegi qaharmanni’n’ ta’g’diri tragediyali’q jag’daylar menen tamamlanadi’. Biraq, Nurlepestin’ sanasi’nda qanday da bir ha’reketke woylani’p qatnas jasaw woyi’ keledi. Aqi’betinde, wo’z wo’mirindegi qayg’i’li’ jag’daylardi’n’ ha’mmesin A’mirxan menen baylani’sti’radi’, woni’ wo’ltiriw qarari’na keledi.

Qaharman psixologiyasi’ndag’i’ ma’n’gu’rlikten woyani’wdi’n’ ko’rinisleri karatest qi’z Biybiraba, Sazturg’an obrazlari’ menen baylani’sli’. Jazi’wshi’ qaharmanlardi’n’ psixologiyasi’ndag’i’ wo’zgerisler evolyuciyasi’n isenimli jetkere alg’an ha’m wolardi’ ja’miyettegi wo’zgerisler menen baylani’sti’rg’an. Bul romanda, a’sirese, Sazturg’an obrazi’ menen da’lillenedi. Solay yetip ja’miyet

turmi’si’ndag’i’ tubalap qalg’an wo’mirdi qaharmanlar psixologiyasi’ arqali’ a’shkara yetedi.

Sh.Seytov «Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba» romani’nda su’wretlegen tubalaw da’wirinin’ turmi’si’ arqali’ pu’tkil awqam ma’mleketlerinin’ tariyxti’n’ jamanshi’g’anag’i’nda tubalap, rawajlanbay qalg’an to’men turmi’si’n beredi. Jazi’wshi’ni’n’ bul romani’ 90-ji’llardag’i’ qaraqalpaq prozasi’ni’n’ u’lken tabi’si’ boli’p yesaplanadi’.

Sh.Seytovti’n’ shi’g’armalari’ ideyali’q, mazmuni’ni’n’ teren’ligi menen wo’z quni’n joytpaytug’i’n ma’n’gi do’retpeler boli’p qali’wi’ so’zsiz.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar


1. Ахметов С. Қарақалпақ әдебий сыны. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993.
2. Ахметов С. Есенов Ж. Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: «Билим», 1994.
3. Баҳадырова С. Роман ҳәм дәўир. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978 .
4. Бобоев Т. Адабиетшунослик асослари. Ташкент: «Ўқитувчи», 2002.
5. Елеўкенов Ж. Замандас парасаты. Алматы: «Жазушы», 1977.
6. Есенов Ж. Ишки монолог ҳәм қаҳарман психологиясы. «Жас Ленинши», 1981, 7-август.
7. Есенов Ж. Ғәзеп пенен жазылған роман//«Еркин Қарақалпақстан», 1993, 20-февраль.
8. Есенов Ж. Өмирден өз жолын таўып өтти//«Еркин Қарақалпақстан», 2004, 21-октябрь.
9. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
10. Есенов Ж. Танылған тулғалар. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2006.
11. Жәримбетов Қ. Турмыс шынлығынан көркем ҳақыйқатлыққа// «Әмиўдәрья», 1986, №6.
12. Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. No’kis: «Qaraqalpaqstan», 2013.
13. Камалов Қ. Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
14. Насруллаева З. Проблема типа и характера в современной каракалпакской прозе. Нукус: «Каракалпакстан», 1984.
15. Ниятов Ч. Ҳозирги ўзбек прозасида характер проблемаси. Ташкент: «ФАН» 1982.
16. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ прозасының базыбир сыпатлы белгилери, өзгешеликлери, оны үйрениўдиң айырым теориялық әмелий мәселелери//«Әмиўдәрья», 2001, №1.

17. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы Нөкис: «Билим», 2004.
18. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы. Нөкис: «Билим», 2009.
19. Нуржанов П. Ш.Сейитовтың «Жаман шығанақтағы Ақтуба» романында тарийхый шараят ҳәм сюжет поэтикасы//«ӨзРИАҚҚБ Хабаршысы», 2007, №9.
20. Пазылов А. Кемпир тири болғанда ма... Жазыўшы бир муш жер еди// «Еркин Қарақалпақстан», 1993, 21-август.
21. Сейтов Ш. Жаман шығанақтағы Ақтуба. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
22. Сейтов Ш. Талант ҳәм тәғдир//«Әмиўдарья», 1989, №8
23. Султанов Қ. Проза ма яки басқа ма?//«Қарақалпақстан жаслары», 1993, 7-январь, №2.
24. Султанов А. Ҳәзирги қарақалпақ прозасында Ш.Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери. Нөкис: «Билим», 2003.
25. Умуров Х. Адабиёт назарияси. Ташкепт: «ФАН», 2002.
26. Худойбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. Ташкент: «Ўқитувчи» 2003.
27. Шодиев Н. Психологик таҳлил устаси. «Ўзбек тили ва адабиёти», 1987, №4,